| 7. kongas kasudranira, ...                  | 7. kalulun Kalatidha, ...                   |

*Jarwa dan terjemahan tiga gatra dari naskah b) sebagai berikut:*

5. ninggal tatanan beci,
- = meninggalkan peraturan baik,
6. para wong pinter lan ahli padha katut,
- = orang-orang pandai dan ahli terbawa,
7. katut (dening) zaman kang kena wewelak, ....
7. terbawa (arus) zaman terkutuk, ....

\*

kalatidha = kala + tidha = masa, zaman + bimbang, samar, ragu-ragu, cacad.

mangkya, samangkya = saiki = kini.

praja = negara, pemerintahan.

darajat, dari darojat (Ar.)

derajat, martabat. kawuryan = kelihatan, tampak.

sunyaruri = sepi mati, sepi sekali.

rurah = rusak.

pangrehing, dari pangereh + ing = perintah + nya = pelaksanaan perintah

kawilet, dari wilet = terlibat, diliputi.

tyas = hati.

malatkung, dari malat + kung (akung) = membangkitkan + susah = prihatin.

kongas, dari ungas = kelihatan, memperlihatkan.

ukara = kalimat. Di sini ukara dalam hubungannya dengan praja (negara) berarti peraturan, perundangan-undangan.

palupi = contoh baik, teladan.

ponang = sang; kata sandang untuk menghormat.

paramengkawi, dari parama + ing + kawi = putus, sangat pandai, ahli + dalam + kawi, bahasa, sastra = pujangga, ahli sastra.

kasudran, dari sudra = rendah, hina.

tidhem = suram, padam.

dumadi, dari dadi = dadi (ke) jadi (annya manusia) = hidup, kehidupan.

ardayengrat, dari ardaya + ing + rat = wardaya = hati susah + di dunia = kesusahan dunia, kesengsaraan dunia.

karoban, dari rob = banjir.

\*

## Lihat Naskah b)

atilar = meninggalkan. silastuti = kelu, dari elu, melu = ikut. kelulun  
susila + astuti = sopan + = terbawa arus. Kalatidha =  
bersembah = sopan santun,  
tatakrama.  
sarjana = orang pandai,  
cendekiawan

\*\*\*

2. Ratune ratu utama, patihe patih linuwih, pranayaka tyas raharja, panekare becik-becik, parandene tan dadi, Kalabendu, malah sangkin andadra, rubeda kang ngreribedi, beda-beda ardane wong sanagara.
2. Ratune ratu utama, patihe patih peng-pengan, nayakane slamet tekade, praboting praja (punggawa dalam panggedhene) becik-becik, ewadene ora dadi, panulaking zaman kang kena wewelak(ing Allah), malah saya andadra, alangan kang gawe susah, beda-beda kamurkane wong sanagara.
2. Rajanya raja utama, patihnya seorang patih yang amat pandai, para menterinya bertekad selamat, para punggawa rendahan dan atasannya baik-baik, namun tidak menjadi, pencegah zaman terkutuk, berbeda-beda loba angkara orang di seluruh negeri.

ratu di dalam bahasa Jawa sama dengan raja, misalnya ratu Majapahit = raja Majapahit, tetapi juga biasa untuk menyebut permaisuri raja. patih, juga papatih = orang pertama yang dipercaya raja dalam hal pemerintahan = perdana menteri dalam pemerintahan modern.

linuwih, dari luwih = lebih unggul. nayaka = pemimpin, pemuka. Di Kraton Jawa dikenal delapan orang nayaka, empat orang untuk urusan di dalam kraton dan empat orang untuk urusan di luar kraton. Tugasnya hampir sama seperti tugas menteri-menteri di dalam kabinet pemerintahan modern.

panekar = punggawa rendahan  
termasuk kebayan (penjaga keamanan), polisi dengan para kepala sampai atasan, menteri, panewu, kliwon.

Kalabendu, dari kala + bendu = masa, zaman + murka = zaman yang dimurkai (Tuhan), zaman terkutuk

raharja = selamat.

sangkin = lebih, makin. andadra = menjadi-jadi, merajalela, bertambah-tambah

ngreribedi, dari ribed = rintangan, kesukaran, kesusahan.

arda = angkara, besar, sangat, keliwat.

\*\*\*

3. Katatangi tangisira, sira sang paramengkawi, kawileting tyas duhkita, kataman ing reh wirangi, dening upaya sandi, sumaruna anarawung, pangimur manuara, met pamrih melik pakolih, temah suha ing karsa tanpa weweka.
3. (Mula) kagugah tangise, panjenengane sang pujangga, (jalaran) kalimputing ati sedhilih, (marga) kataman isin (marang Allah), dening pitenah(ingliyan), (kang) padha nrambul ing pasrawungane (sang pujangga), (kayadene) anglelipur atine (Ki Pujangga), (nanging satemene) golek kauntungan, temahan bubrah gagayuhane (sang pujangga marga) tanpa pangati-atি.
3. (Maka) bangkitlah tangisnya, beliau sang pujangga, (karena) tertimpa rasa malu (kepada Tuhan) oleh fitnah orang, (yang) menyertai dalam pergaulan (Ki Pujangga), (pura-pura) menghibur hati (Ki Pujangga), (tetapi sesungguhnya) mencari keuntungan, akhirnya berantakan cita-cita (Ki Pujangga karena) tanpa hati-hati.

katatangi, dari tangi = bangun, bangkit.

sira = anda, engkau; juga: dia, beliau (orang ketiga).

duhkita = sedih, dukacita.

kawilet = terlibat.

pangimur = penghibur.

manuara, juga menoara =enak untuk pendengaran, menyenangkan hati.

met, dari amet = amek, apek = mengambil, menghendaki.

wirangi, dari wirang = malu  
(kepada Tuhan)  
upaya sandi, juga sandi upaya;  
karya sandi = fitnah, akal  
muslihat perbuatan yang  
dirahasiakan, yang samar  
anarawung, dari rawung =  
mbarung,  
nrambul = menyertai (dengan  
paksa)

pamrih = maksud.  
melik = ingin; juga: milik, pakolih,  
dari olik atau oleh = dapat,  
mendapat, keuntungan.  
suh, juga: swuh atau syuh =  
hancur, berantakan, rusak.  
Perhatikan: suh dari esuh =  
simpai.  
weweka, juga: wiweka = hati-  
hati.

\*\*\*

4. Dhasar karoban pawarta, babaranan ujar lamis, pinudya dadya pangarsa, wekasana malah kawuri, yen pinikir sayekti, pedah apa aneng ngayun, andhedher kaluputan, siniraman banyu lali, lamun tuwu dadi kakembanging beka.
4. Pancen kabanjiran pawarta, (kang) kagawa angin (yaiku) ujar ngenaki ati, (jarene sang pujangga) kapilih dadi pangarep (panggedhe), (nanging) wekasane malah kasingkur, yen dipikir temenan, apa tak paedahé ana ngarep (dadi panggedhe), (ora wurung mesthi) andhedher kaluputan, kasiram ing banyu (kang dayane andadekake) lali, yen thukul andadekake tambahing godha rencana.
4. Memang banjir berita, (yang) dibawa angin (yaitu) ujar mengenaki hati, (katanya sang pujangga) dipilih menjadi pemuka (pembesar), (tetapi) akhirnya malah terbelakang, bila dipikir benar-benar, apakah gunanya di muka (menjadi pembesar), (tidak lain tentu) menanam benih-benih kesalahan, tersiram air (yang mempunyai daya menjadikan) lupa, kalau tumbuh (niscaya) menjadikan bertambahnya bencana.

\*

|  |  |
|--|--|
| babaratan, dari barat-angin;                             | ngayun, ngarep = muka.   |
| pawarta babaratan = kabar angin.                         | andhedher = menyemaikan, menanam (bibit).                        |
| lamis = pura-pura, mendua hati, mengenaki hati, munafik. | banyulali = air (yang mempunyai daya membuat orang) lupa.        |
| pinudya, dari pudya = piji = pilih.                      | perhatikan: banyu panguripan = air yang menghidupi/menghidupkan. |
| kawuri, dari wuri = belakang.                            | beka = rewel, bertingkah, bencana.                               |
| pedah, singkatan dari paedah = faedah, guna.             | kekembanging = berkembangnya, bertambahnya.                      |

\*\*\*

5. Ujaring Panitisrastra, awawarah asung peking, ing zaman keneng musibat, wong ambek jatmika kontit, mengkono yenniteni, pedah apa amituhu, pawarta lalawora, mundhak angraranta ati angurbaya ngiketa cariteng kuna.
5. Kocap ing (Serat) Panitisrastra, aweh pituduh lan peking, ing zaman kena wewelak, wong ambek susila (dadi) kalah banget, mangkono mau yen padha niteni, (mula) apa to paedaehe padha nggugu, pawarta ngayawara, luwih becik (sang pujangga) nganggit carita kuna.
5. Tersebut dalam (kitab) Panitisrastra, memberi ajaran dan peringatan, di dalam zaman terkutuk, orang sopan (menjadi) amat ketinggalan, demikianlah kalau (orang) mau mencamkan, (maka) apakah faedahnya percaya, berita yang tak berarti, tambah lebih menyakitkan hati, lebih baik (sang pujangga) mengubah cerita-cerita kuna.

\*

Paniti sastra = kitab terjemahan Nitisastra yang memuat tentang pendidikan budi-pekerjatan, ditulis pada akhir zaman Majapahit. Terjemahan dalam bahasa Jawa dilakukan oleh Pujangga Yasadipura I dan kemudian ditulis kembali oleh pu jangga Ranggawarsita. Terjemahan dalam bahasa Indonesia oleh Prof. Dr. Purbacaraka almarhum, pernah diterbitkan oleh Balai Pustaka, 1950.

awawarah, dari warah = ajar, mengajar.

asung = aweh = memberi.

peeling, juga pepeling = peringatan, nasihat.

musibat, dari musibah (Ar.)= celaka, bencana, malapetaka.

ambek = hati, perasaan, sifat, tabiat.

jatmika, juga: dyatmika = selalu sopan santun.

kontit = kalah, tak seimbang, ketinggalan.

niteni, dari titi, taliti = memperhatikan dengan cermat.

amituhu, dari tuhu = benar, sungguh-sungguh, percaya.

lalawora, juga ngayawara = tak berarti, mengacau, ngawur.

angraranta, dari karanta = selalu terasa sedih dalam hati.

angurbaya = aluwung = lebih baik.

ngiket = nganggit = mengarang, mengubah.

\*\*\*

6. Keni kinarya darsana, penglimbang ala lan becik, sayekti akeh kewala, lalakon kang dadi tamsil, masalahing ngaurip, wahananira tinemu, temahan narima, mupus papasthening takdir, puluh-puluh anglakoni kaelokan.
6. (Carita iku) kena kaanggo tetuladan, (kanggo) nandhing-nandhing kang ala lan kang becik, mesthi bae akeh, lalakon kang dadi conto (becik), (bab) masalahing ngaurip, sabanjure bisa ketemu, wekasana (bisa) narima, mupus papasthening takdir, puluh-puluh anglakoni kang aneh-aneh.

6. (Cerita itu) dapat dipakai teladan, (untuk) membanding-bandangkan yang buruk dan yang baik, tentulah banyak saja, telakon yang menjadi contoh (baik) (tentang) masalah hidup, lalu dapat ketemu, akhirnya dapat menerima (memahami), (lalu) sedar akan ketentuan takdir, apa boleh buat mengalami keajaiban.

\*

keni = kena, dapat.

kewala = hanya, saja, melulu.

kinarya, dari karya = kerja, guna,  
pakai.

tamsil (Ar.) = misal, umpama,  
contoh yang baik.

darsana, sudarsana = contoh,  
teladan.

masalah (Ar.) = soal.

takdir (Ar.) = ketentuan Tuhan,  
nasib.

wahana = arti, jadi adanya. Juga  
berarti: kendaraan.

puluh-puluh = apa boleh buat, tak  
ada jalan lain.

mupus, dari pupus = menerima  
adanya, menyadari.

kaelokan, dari elok = indah, aneh,  
ajaib.

\*\*\*

7. Amenangi zaman edan, ewuh aya ing pambudi, melu edan nora tahan, yen tan melu anglakoni, boyo kaduman melik, kalireng wekasnipun, dilalah karsa Allah, begja-begjane kang lali, luwih begja kang eling lawan waspada.
7. Amenangi zaman edan, sarwa ewuh ing pamikir, melu edan ora tahan, yen ora melu nglakoni, ora (bakal) oleh panduman, wekasane (bisa) kaluwen, (nanging) dilalah karsaning Allah, begja-begjane kang lali, (isih) luwih begja kang eling lan waspada.
7. Mengalami zaman gila, serba sulit dalam pemikiran, ikut menggilah tak tahan, kalau tidak ikut (menggilah), tidak (akan) mendapat bagian, akhirnya (mungkin) kelaparan, (tetapi) takdir kehendak

Allah, sebahagia-bahagiannya (orang) yang lupa, (masih) lebih bahagia yang sadar dan waspada.

\*

|                                  |                                    |
|----------------------------------|------------------------------------|
| amenangi, menangi = meng-        | melik = keinginan, kepunyaan,      |
| alami, mengetahui dengan         | milik.                             |
| mata kepala.                     | kaliren = kelaparan.               |
| ewuh aya, dari ewuh + aya =      | dilalah, dari dir + Allah = takdir |
| sukar + sulit = serba sulit,     | Allah.                             |
| sangat sulit.                    | begja = untung, mujur, bahagia.    |
| pambudi, dari budi = pikir, akal | Iali = lupa, khilaf.               |
| boya = tidak                     | eling = ingat sadar.               |
| kaduman, dari dum, andum =       | waspada = tidak lengah, meihat     |
| membagi. Kaduman =               | dengan cermat/awas.                |
| mendapat bagian.                 |                                    |

\*\*\*

8. Samono iku babasan, padu-padune kepengin, enggihmekoten man Dhoplang, bener ingkang angarani, nanging sajroning batin, sajatine nyamut-nyamut, wis tuwa arep apa, nuhung mahasing ngasepi, supayantuk parimarmenaning Hyang Suksma.
8. Kang mangkono iku (kayadene) babasan, padu-padune kepengin, (rak) enggihmekoten (ta) man Dhoplang, (mula) bener ingkang ngarani, (yen Ki Pujangga kepengin dadi pangedhe), nanging sajroning batin, satemene babarpisan ora mangkono, (sabab Ki Pujangga) wis tuwa (gek) arep apa, luwih becik mapan ing panggonan kang sepi (ngedohi kadonyan), supaya (bisa) oleh sihing Allah.
8. Yang demikian itu (bagaikan) peribahasa, hanya karena ingin, bukankah begitu man Dhoplang, (maka) benarlah yang menerka (Ki Pujangga ingin menjadi pembesar), tetapi di dalam hatinya, sesungguhnya jauh sekali (dari yang demikian), (sebab) sang pujangga sudah tua (lalu) mau apalah, sebaiknya tinggal di tempat yang sepi (menjauahkan diri dari keduniawian), supaya mendapat kasih sayang Tuhan.

\*

|  |   |
|--|---|
| babasan = bagaikan peribahasa, kata ringkasnya.  | nyamut-nyamut = jauh sekali hampir tak kelihatan, mustahil terjangkau, sama sekali tidak benar. |
| enggihmekoten (krama ngoko) = ya begitu, bukan?  |   |
| man Dhoplang atau Paman Dhoplang = nama orang dalam lagu/cerita rakyat tentang orang yang selalu menurut, tidak membantah. | muhung, mung = hanya, lebih baik (karena tak ada jalan lain).                                   |
| ngarani = menerka, menyangka, menyebut.  | mahasing ngasepi = bertempat tinggal di tempat yang sepi, menjauhkan diri dari keduniawian.     |
|  | parimarma, juga: pelimarma = menyayangi, kasih sayang.  |

\*\*\*

9. Beda lan kang wus santosa, kinarilan ing Hyang Widdhi, satiba malangananya, tan susah ngupaya kasil, caking mengunah prapti, Pangeran paring pitulung, marga samaning titah, rupa sabarang pakolih, parandene masih taberi ihtiyar.
9. Beda lan wong (kang) wis kuwat (lair batine), sarwa jinurung dening Gusti Allah, sapari polahe, ora susah golek rejeki, (iku) oleh saka pitulunging Allah, Gusti Allah paring pitulung, lalantaran sapadhaning titah, wujud barang kang maedahi, ewadene (wong kang wis santosa mau) isi sregep ihtiyar.
9. Berbedalah dengan orang yang sudah kuat (lahir batinnya), serba diridhoi oleh Tuhan, betapa tingkah-lakunya, (ia) tak usah mencari rejeki, (itu) datang dari pertolongan Tuhan, Allah melimpahkan pertolonganNya, dengan perantaraan sesama makhluk, berupa apa pun yang berfaedah, meskipun demikian (orang yang sudah sentosa itu) masih rajin berikhtiar.

\*

santosa = sentosa, kuat.  
kinarilan, dari: rila = ridho (Ar.),  
rela.

Hyang Widdhi = Dewa yang ter-  
mulia, Tuhan.

satiba malangananya, dari tiba +  
m a l a n g = j a t u h  
melintangnya, betapa pula  
tingkah lakunya.

mangunah, dari ma'unah (Ar.) =  
pertolongan Tuhan (kepada  
orang yang beriman).

Terkenal kalimat Jawa:  
Mangunahe para mukmin,  
mukjizate para Nabi.

prapti, prapta = datang.  
Pangeran, dari: nger atau nge-  
nger = mengabdi. Pangeran  
= tempat mengabdi, yang  
diberi pengabdian hingga di  
akhirat, Tuhan. Pangeran,  
juga berarti: anak raja.

sabarang, samubarang = segala  
sesuatu.

pakolih = manfaat, berguna.

taberi = rajin.

\*\*\*

10. Sakadare linakonan, mung tumindak mara ati, angger tan dadi prakara, karana wirayat muni, ihtiyar iku yekti, pamilihe reh rahayu, sinambi budidaya, kanthi awas lawan eling, kang kaesthi antuka parmaning Suksma.
10. Sakadare dilakoni, mung tumindak sasenenging atine, angger ora dadi prakara, amarga unining wasiate para sepuh, ihtiyar iku satemene, pamilihe dalan (marang) kaslametan, disambi nyambut gawe, kanthi awas lawan eling, kang digayuh bisa pinaringan sihing Allah.
10. Sekedar (usaha) dilakukan, hanya menurut suka hatinya, asalkan tak menjadi soal, karena wasiat orang tua-tua mengatakan, ikhtiyar itu sesungguhnya, untuk memilih (jalan) keselamatan, dilakukan sambil bekerja, dengan awas dan sadar, yang dikehendaki (ialah) mendapat kasih sayang Tuhan).

\*

|   |  |
|---|--|
| sakadare = sekedarnya.  | budidaya = daya upaya, usaha bekerja.                |
| mara ati = menurut suka hati,<br>sesuka hati, tidak ngotot,<br>seenaknya. | kaesthi = dicapai, dikehendaki,<br>dituju.           |
| wirayat, dari riwayat (Ar.) = cerita<br>turun-temurun, wasiat.            | parma, dari: parman (Skr.) = kasih<br>sayang.        |
| rahayu = selamat.   | Suksma = Dewa yang menguasai<br>suksma (jiwa) Tuhan. |
| sinambi, dari sambi = sambil.   |  |

\*\*\*

11. Ya Allah ya Rasulullah, kang sipat murah lan asih, mugi-mugi aparinga, pitulung ingkang nartani, ing alam awal akir, dumununing gesang ulun, mangkya sampun awredha, ing wekasan kadipundi, mila mugi wontena pitulung Tuwan.
11. Ya Allah ya Rasulullah, kan sipat murah lan asih, mugimugi aparinga, pitulung ingkang anyekapi, ing donya dumungining akhirat, tumraping gesang kawula (sang pujangga), samangke sampun sepuh, wekasanipun kadospundi, mila mugi wontena pitulunging Allah.
11. Ya Allah ya Rasulullah, yang bersifat murah dan asih, semoga berkenan melimpahkan, pertolongan yang mencukupi, di dunia hingga akhirat, mengenai hidup hamba (sang pujangga), sekarang sudah tua, akhirnya bagaimanakah, maka semoga ada pertolongan Tuhan.

\*

|                                   |                         |
|-----------------------------------|-------------------------|
| ya = kata seru dalam bahasa Arab. | dumunung, dari dunung = |
| paring = memberi, (Tuhan)         | tempat, letak.          |
| melimpahkan.                      | ulun = hamba.           |
| alam awal akir = alam dunia       | kadipundi = kadospundi, |
| akhirat.                          | bagaimanakah.           |
| nartani = nyartani = mencukupi.   | Tuwan = Tuhan.          |

\*\*\*

12. Sageda sabar santosa, mati sajroning ngaurip, kalis ing reh aruara, murka angkara sumingkir, tarlen meleng malatsih, sanityasa tyas mamasuh, badharing sapudhendha, antuk mayar sawatawis, borong angga suwarga mesi martaya\*)
12. Sageda sabar lan santosa, pejah salebetung gesang, lepat saking tindak resah, murka angkara sumingkir, boten saner (tinggi) nyuwijekaken tekad, (sarana) tansah nyucekaken manah, (saengga) wurung siksaning Allah, aksal kamayaran sawatawis, borong angga suwarga mesi martaya (pasrah dhiri, jiwa raga mugi aksala suwarga ingkang langgeng).
12. Hendaknya lalih dapat sabar dan sentosa, mati selagi hidup, hindar dari perbuatan rusuh, angkara murka menyingkir, tidak lain (dengan) manunggalkan tekad, (dengan) selalu mensucikan hati, (sehingga) urunglah siksaan Tuhan, mendapat keringan sekedarnya, (sang pujangga) berserah diri (memohon) surga yang berisi serba abadi.

\*

- \*) Kalimat terakhir bait ke-12 mengandung sandiasma (sandhi = rahasia; asma = nama. Sandiasma = nama yang di-rahasiakan) dari pengarangnya yang terdapat pada tiap suku kata kedua dari kata-kata dalam kalimat itu. Lihatlah suku kata-suku kata yang dicetak miring. Setelah dirangkai satu dengan lainnya, akan berbunyi: ronggawarsita. Penulisan rong dengan o di sini sesuai dengan penulisan huruf Jawa dengan sandangan taling tarung + cecak untuk bunyi ong = *ঁ* . \* \*

\*

mati sajroning ngaurip = mati selagi masih hidup = mematikan nafsunya sedang raganya masih hidup = bersamadi, bertapa.

memasuh, dari wasuh = membersihkan, mensuci-kan.  
badhar = urung, batal, buyar.

|  |         |  |
|--|---------|--|
| kalis = luput, hindar, aru-ara, juga<br>ruara = keruwetan, keru- | suhuan. | sapudhendha = hukuman,<br>siksaan.   |
| tarlen = tiada lain.   |         | mayar = ringan, mudah.   |
| meleng = mengheningkan<br>menyatukan (permohonan).               |         | borong = menyerah.   |
| malatsih = membangkitkan belas<br>kasihan.                       |         | angga = badan, raga, diri.   |
| sanityaseng, dari sanityasa =<br>selalu                          |         | suwarga = surga.<br>mesi = yang isi, berisi.<br>martaya, dari amrtaya (Skr.)<br>= tidak mati, langgeng, abadi. |

## TAMAT

## II

### SERAT SABDAJATI

Tembang Megatruth 19 bait

1. Aywa pegat ngudia *ronging budyayu*, *margane suka basuki*, dimen *luwar kang kinayun*, *kalis ing panggawe sisip*, *ingkang taberi prihatos.* \*)
  1. Aja kendhat ngudi telenging budi railayu, (kang) dadi dalane *slamet lan seneng*, supaya katekan kang dikarepake, loput saka ing panggawe salah, (mula) kang (padha) sregep prihatin.
  1. Janganlah berhenti mencari pusat dari tekad selamat, (itulah) jalan (menuju) keselamatan dan kesenangan, agar tercapai yang dikehendaki, hindar dari perbuatan salah, (maka) hendaknya lalih rajin berprihatin.

\*

- \*) Dalam tiap-tiap gatra (bagian) dalam bait ini terdapat kata-kata: 1. *ronging*; 2. *margane*; 3. *luwar*; 4. *sisip*; 5. *taberi*. Suku kata-suku kata yang dicetak miring itu setelah dirangkaikan berbunyi: *ronggawarsita*. Penulisan *rong* dengan *o* di sini sesuai dengan penulisan huruf Jawa dengan sandangan *tarung tarung*, cecak untuk bunyi ong = *ㄥ* . Maka dalam bait ini terdapat sandiasma (nama yang dirahasiakan, disisipkan), yaitu nama pengarang Serat Sabdajati, ini./*ronggawarsita*/.

\*

|   |  |
|---|--|
| aywa = jangan                                     | dimen = agar.  |
| rong = liang, tempat hidup, pusat,<br>(kehidupan) | luwar = lepas, bebas, terlaksana.                          |
| pegat = berhenti putus.                           | kalis = lput, hindar.<br>sisip = salah.<br>taberi = rajin. |

budyayu dari budya (budi) + prihatin, prihatos = perih hati,  
rahayu = budi (tekad) sedih, masygul; juga;  
selamat. mengurangi makan tidur  
untuk memusatkan kehendak.

\*\*\*

2. Ulatana kang nganti bisa kapangguh, geledhahen kang sayekti, talitinen aywa kleru, larasen sajroning ati, den tumanggap dimen manggon.
2. Golekana (tekad selamet mau) nganti bisa ketemu, tintingan (sajroning atimu) kanthi temen-temen, tilitinen aja (kongsi) kleru, larasen ing sajroning ati, supaya (bisa) nampa saengga mapan (ing ati).
2. Carilah (tekad selamat itu) hingga ketemu (tercapai), selidikilah dengan sungguh-sungguh, telitilah jangan smapai keliru, sesuaikanlah di dalam hati, supaya (dapat) menerima hingga mendapat tempat yang tepat (dalam hati).

\*

|                                      |                                |
|--------------------------------------|--------------------------------|
| ulatana, dari ulat = mencari         | kapangguh = kapangjh = ketemu. |
| carilah. Ulat juga berarti: air      | galedhahen, dari galedhah =    |
| muka.                                | selidiki, selidikilah.         |
| talitinen, dari: taliti = teliti,    | tumanggap, dari tanggap =      |
| cermat                               | menerima, menyambut            |
| larasen, dari laras = sesuai, cocok. | manggon, dari: panggonan,      |
|                                      | enggon: manggon = bertempat    |
|                                      | yang benar, yang tepat.        |

3. Pamanggonane aneng pangesthi rahayu, angayomi ing tyas wening, ening ati kang suwung, nanging sajatine isi, isine cipta kang yektos.
3. Enggone (tekad slamet mau) ana ing panggayuh slamet, (kang) ngayomi ati wening, (yaiku) ening ati kang kothong, nanging sabenere isi, isine (yaiku) gegayuhan kang bener.
3. Tempat (tekad selamat itu) ada pada cita-cita selamat, (yang) melindungi hati jernih, (yaitu) kejernihan hati yang kosong, tapi sesungguhnya berisi, isinya (ialah) cita-cita yang besar.

\*

Pamanggone, dari manggon = bertempat; enggon = tempat.  
 Pangesthi = dari esthi = tujuan, cita-cita, kehendak.  
 angayomi, dari ayom = lindung, naung.

ening, wening = hening, jernih, murni, suci.  
 tyas = hati.  
 suwung = kosong.  
 cipta = cipta, cita-cita.  
 yektos, yekti - nyata, benar, jelas.

\*\*\*

4. Lakonana kalawan sabaring kalbu, yen den obah neniwasi, kasusupan setan gundhul, ambebedhung nggawa kandhi, isine rupiyah keton.
4. Lakonana kanthi ati sabar, (sabab) yen (nganti) owah (gegayuhane) mbilaeni, (jalaran banjur) kasusupan setan gundhul, (kang) anggodha nggawa kanthong, isine rupiyah (ian) ringgit.
4. Laksanakanlah dengan hati sabar, (sebab) kalau (sampai) goyah (cita-citanya tentu) mencelakakan, (karena lalu) kerasukan setan gundul, (yang) menggoda (dengan) membawa kantong, isinya rupiah (dan) ringgit.

\*

Kalbu, dari qolbu (Ar.) = hati.  
neniwasi, dari tiwas = celaka.  
Tiwas juga berarti: mati = tewas.  
kasusupan, dari susup = masuk,  
rasuk. Kasusupan =  
kemasukan, kerasukan.

ambebedhung, dari bendhung =  
goda, ganggu.  
keton, dari dukaton, dukaat =  
mata uang Belanda + ringgit.  
Ringgit perak = f 2,50.  
Ringgit emas = f 5,25.

\*\*\*

5. Lamun kongsi korup mring panggawe dudu, dadi pakuwoning eblis, klebumring alam pakewuh, ewuh pana ninging ati,\* temah wuru kabesturon.
5. Yen nganti kasasar marang panggawe luput, (atine) dadi padununganing eblis, klebu ing alam (kang) mbebayani, (agawe) angel bisane weruh cetha (kanthi) ati kang wening, wekasan mendem (banjur) sembrana.
5. Bilamana sampai terjerumus dalam perbuatan salah, (hatinya) menjadi tempat iblis, masuk ke alam (yang) berbahaya, (menyebabkan) sulit untuk (dapat) melihat jelas (dengan) ketenangan hati, akhirnya mabok (lalu) lengah.

\*

\*) Gatra (bagian) ke-5 dari bait ini seperti tertulis di atas berbunyi: *ewuh pana ninging ati*. Kalimat ini ada yang membacanya: *ewuh penaninging ati*. Demikianlah karena penulisan huruf Jawa tidak mengenal pemenggalan kata-kata.

Pana ninging ati, dari pana + ning + ing + ati = tahu jelas tepat + tenang + dalam + hati = tahu jelas dengan ketenangan hati. Penaninging ati, dari pananing + ing + ati; pananing, dari: taning = pembagian, perincian. Pananinging ati = pemerincian di dalam hati, sulit membagi-bagi perhatian.

Penterjemah memilih kalimat */pana ninging ati/* karena menurut hematnya kalimat itu jelas dan mantap, cocok dan logis pula dengan maksud keseluruhan kalimat. Kata-kata

itu pun lumrah dan banyak dijumpai di dalam karya sastra Jawa.

\*

|  |  |
|--|--|
| lamun = jika, bilamana.  | pana=tahu jelas, nyata   |
| korup, dari: irup = kepung, pengaruh; korup = dipengaruhi, terjerumus. | ninging, dari:ning, wening= hening, jernih, tenang.                                  |
| pakuwon, dari kuwu = tempat, pondok                                    | wuru = mabok   |
|  | kabesturon, dari: besturu, bisturu=lengah, sembrono; turu = tidur di alam lupa/lena. |

\*\*\*

6. Nora kengguh mring pamardi reh rahayu, ayuning tyas sipat kuping, kinepung panggawe rusuh, lali pasihaning Gusti, ginuntingan kaya mernos.
6. (Banjur) ora obah dening tuntunan marang keslametan, (mula) tekad kaslametane lumayu nggendring (sumingkir adoh), (dheweke banjur) dikepung dening panggawe rusuh, (saengga) lali marangsihing Allah, (wekasan gampang) digunting-gunting kaya kardhus (kang tanpa daya).
6. (Lalu) tidak tergerak oleh tuntunan keselamatan, (maka) tekad-keselamatannya lari tunggang-langgang (menjauhinya), (kemudian dia) dikerumuni oleh perbuatan kotor, (hingga) lupa kepada kasih sayang Tuhan, (akhirnya mudah) digunting-gunting seperti kardus (yang tak berdaya).

\*\*\*

7. Parandene kabeh kang samya andulu, ulap kelilipen wedhi, akeh wong kang padha sujud, kinira yen Jabaril, kautus dening Hyang Manon.

7. Sanadyan mangkono wong kang padha nyawang, kablerengan (kayadene) kalilipan wedhi, (malah) akeh wong kang padha nyembah, (amarga wong mau) dikira malaekat Jibril, diutus dening Gusti Allah.
7. Meskipun demikian orang yang melihatnya, silau matanya (seperti) kemasukan pasir, (bahkan) banyak orang yang menyembahnya, (karena orang itu) dikira malaikat Jibril, (yang) diutus oleh Tuhan.

\*

parandene = meskipun demikian.

ulap = silau.

kalilipen = matanya kemasukan sesuatu.

Hyang Manon = Hyang + Manon;

Manon, dari anon = melihat serba tahu.

Hyang Manon = Dewa Yang Mahatahu = Tuhan.

\*\*\*

8. Yen kang uning marang sajatining kawruh, kewuhan sajroning ati, yen tan niru ora arus, uripe kaesi-esi, yen nirua dadi asor.
8. Yen (wong) kang mangerti marang kawruh kang bener, (padha) kewuhan sajroning ati, yen ora melu (mesthi) ora aji, uripe disiya-siya, (nanging) yen niru (mesthi) dadi asor.
8. Jika (orang) yang mengerti ilmu yang benar, (menjadi) canggung dalam hatinya, (sebab) kalau tidak meniru tidak berharga, hidupnya disia-sikan, (tetapi) kalau meniru (tentu) menjadi hina.

\*

uning = tahu, mengerti.

satatining kawruh, kawruh sejati = ilmu yang benar.

arus = aji = harga.

kaesi-esi, dari: esi = sia-sia, hina.

\*\*\*

- Nora ngandel marang gaibing Hyang Agung, anggelar sakalir-kalir, kalamun temen tinemu, kabegjane anekani, kemurahaning Hyang Manon.
- Ora ngandel marang wawadining Gusti Kang Mahaagung, (kang) nitahake sakabehane (ing bumi langit) yen temen-temen (panggayeuh mesthi) kalakon, kabegjane teka, (yaitu) kamurahane Gusti Allah.
- Tidak percaya kepada rahasia Tuhan Mahaagung (yang) membentangkan segala-gala (di bumi dan langit) bilamana bersungguh-sungguh(cita-citanyatentulah)tercapai, kebahagiaan tiba, (ialah) kemurahan Tuhan Mahatahu.

\*

gaib, dari: ghoib (Ar.) = rahasia, Hyang Agung = Dewa Mahabesar, samar, tak kelihatan. Tuhan Mahabesar.  
sakalir-kalir = semua, segala-gala.

\*\*\*

- Anuhoni kabeh kang duwe panyuwun, yen temen-temen sayekti, Allah aparing pitulung, nora kurang sandhang bukti, saciptanira kalakon.
- (Gusti Allah) netepi (janji-Ne) marang kabeh kang duwe panyuwun, yen temen-temen mesthi, Gusti Allah paring pitulung, (saengga dhesiveke) ora kurang sandhang pangan, kabeh sasedyane (bisa) kalakon.
- (Tuhan) menetapi (janji-Nya) kepada semua yang mempunyai permohonan, jika bersungguh-sungguh tentulah, Allah memberi pertolongan, (sehingga dia) tidak kekurangan sandang pangan, semua yang dicita-citakan (dapat) terkabul.

\*

anuhoni, dari: tuhu = sungguh, saciptanira, dari: cipta = cipta, benar, menepati, cita-cita, kehendak; memenuhi. saciptanira = semua yang bukti = pangan dicita-citakan.

\*\*\*

11. Ki Pujangga nyambiwaro weh pitur, saka mangunahing Widdhi, ambuka warananipun, aling-aling kang ngalingi, angalingkap temah katon.
11. Ki Pujangga (kanthi) nylamur aweh pitur, (awit) saka pitulunge Gusti Allah, (sang pujangga) mbukak aling-aling, (yaiku) aling-aling kang nutupi, (sawise) ngalingkap temahan katon.
11. Ki Pujangga (dengan) menyamar memberi nasihat, (dengan) pertolongan Tuhan, (sang pujangga) membuka tirai, (yaitu) tirai yang menutupi, (sesudah) tersingkap akhirnya tampak.

\*

nyambiwaro = laku nylamur = menyamar. Ature sinambiwaro = kata-katanya samar-samar.

mangunah, dari: ma'unah (Ar.) = pertolongan Tuhan. Lihat: Serat Kalatidha, bait ke-9.

Hyang Widdhi, dari: Dewa + Widdhi (Skr.) = peraturan perundang-undangan, pemeliharaan, berkuasa. Hyang Widdhi = Tuhan Mahakuasa.  
warana = dinding, tirai.

\*\*\*

12. Para janma sajroning zaman pakewuh, kasudranira andadi, daurune sayandarung, keh tyas mirong murang margi, kasetyan wus ora katon.
12. Wong-wong ing sajroning zaman rekasa, asoring budine saya ndadi, rusuhe (tindake) saya kabanjur-banjur, akeh tekad nasar (ian) laku salah, kasetyan wus ora katon.
12. Orang-orang di zaman sulit, kerendahan budinya menjadi-jadi, tindak rusuhnya berlarut-larut, banyak tekad sesat (dan) salah jalan, kesetiaan sudah tidak tampak.

\*

janna, juga jalma, dari janma mirong = melawan,  
(Skr.) = kelahiran; jama = memberontak, menyalahi.  
manusia, orang. murang = menyalahi,  
Kasudranira, dari sudra = rendah, menyimpang.  
hina.  
andarung = terus-menerus,  
berlarut-larut.

\*\*\*

13. Katuwone winawas dahat matrenyuh, kenyaming sasmita yekti, sanityaseng tyas malatkung, kongas welase kapati, sulaking zaman prihatos.
13. Kanyatane kawawas banget nrenyuhake (atine sang pujangga), karasakake sasmita mau bener, (mula) tansah andadekake banget sedhihing ati katon banget welase (sang pujangga), (awit saka) sorote zaman prihatin.
13. Kenyataannya terlihat amat mengharukan (hati sang pujangga), dirasakan tanda-tandanya benar, (maka) selalu membikinnya sedih, tampak sekali belas kasihan (sang pujangga) (oleh karena) tampak sorot zaman sengsara.

\*

katuwone = katuhone = sulak = sorot, sinar.  
kenyataannya. kongas = kelihatan, menonjol.  
kenyam = rasa. Lihat: Serat Kalatidha bait  
malatkung = membangkitkan ke-1.  
susah. Lihat: Serat Kalatidha  
bait ke-1.

\*\*\*

14. Waluyane benjing yen wis ana Wiku, memujing esthisawiji, sabuk lebu lir majenun, galibedan tudang-tuding, anacahkan sakehing wong. \*)

14. Marine (zaman prihatin mau) besuk yen wis ana Wiku, memuji ngesthi sawiji, sabuk lebu lir majenun, galibedan tudang-tuding, anacahken sakehing wong.
14. Pulihnya kembali (zaman sengsara itu) kemudian sesudah ada Wiku, memuji ngesthi sawiji, (ia) berikat pinggang debu seperti orang sinting, berseliweran menunjuk-nunjuk, menghitung-hitung semua orang.

\*

- \* ) *Wiku memuji gesthi sawiji* = Pendeta berdoa menghendaki (yang) satu, adalah kalimat Candrasangkala yang berarti angka tahun Jawa 1877. Tahun Jawa 1877 adalah mulai tanggal 1 Sura (Kemis Paing) sampai dengan 29 Besar 1877 (Ahad Paing) = perhitungan Masehi tanggal 6 Desember 1945 sampai dengan 25 Nopember 1946.

*Sabuk lebu lir majenun, galibedan tudang-tuding, anacahken sakehing wong*, adalah kalimat-kalimat jangka atau ramalan. Kata-kata dalam kalimat itu merupakan perlambang atau lambang, di bawah ini arti kalimat-kalimat ramalan tersebut seperti di bawah ini:

- a) *Sabuk lebu lir majenun* = (sang pendeta) berikat pinggang debu seperti orang sinting.  
Di kalangan suku Jawa terkenal istilah sabuk galeng. Galeng, galengan= pematang di sawah. Sabuk galeng = orang yang mempunyai sawah, orang yang berkecukupan./Lebu/atau debu adalah tanah yang tak berharga, bahkan dapat mendatangkan penyakit.  
Mungkin *sabuk lebu* berarti orang yang tak mempunyai apa-apa, orang mlarat.
- b) *Galibedan tudang-tuding* = berseliweran atau berjalan mondarmandir kian kemari atau ada di mana-mana sambil menunjuk-nunjuk dengan jari telunjuknya.  
Biasanya menunjuk-nunjuk itu dilakukan orang untuk menunjukkan kesalahan orang lain (tunjuk hidung), atau mengajak

- orang-orang tertentu (untuk) bersama-sama menjalankan sesuatu pekerjaan.
- c) *Anacahken sakehing wong* = menghitung-hitung semua orang (yang dianggapnya salah atau yang diajaknya menjalankan sesuatu pekerjaan).

Di sini penterjemah hanya memberikan arti dari kalimat-kalimat dan kata-kata yang tersurat. Tentang makna kata-kata yang tersirat, terserah kepada kearifan para pembaca.

|                                   |                                    |
|-----------------------------------|------------------------------------|
| wiku = pendeta                    | majenun, dari junun (Ar.) =        |
| ngesthi sawiji = mencita-citakan, | sinting, gila ilmu                 |
| menghendaki yang tunggal,         | galibedan = berseliweran, berada   |
| yang satu saja.                   | di sekitar, berjalan mondarmandir. |

lir = seperti.

\*\*\*

15. Iku lagi sirep zaman Kalabendu, Kalasuba kang gumanti, wong cilik bisa gumuyu, nora kurang sandhang bukti, sedyane kabeh kalakon.
15. (Wektu) iku lagi suda (kaanane) zaman kang kena wewelak, zaman seneng kang gumanti, wong cilik bisa gumuyu, (marga) ora kekurangan sandhang pangan, sedyane kabeh (bisa) kalakon.
15. (Waktu) itu barulah reda (keadaan) zaman terkutuk, zaman senang yang menggantikannya, orang kecil (rakyat jelata) dapat tertawa, (karena) tidak kekurangan sandang pangan, semua kehendaknya (dapat) terlaksana.

\*

sirep = reda, berkurang.

Kalabendu = zaman terkutuk.

wong cilik = orang kecil, rakyat

kebanyakan, rakyat jelata.

Lihat: Serat Kalatidha bait  
ke-2.

Kalasuba = kala + suba =  
waktu, zaman + indah,  
menyenangkan, senang,  
Kalasuba = zaman senang

\*\*\*

16. Pandulune Ki Pujangga dereng kemput, mulur lir benang tinarik, nanging kaserang ing umur, andungkap kasidan jati, mulih sajatineng enggon.
16. (Satemene) pamawase Ki Pujangga durung rampung babar pisan, (isih) mulur kaya bolah ketarik, nanging katrajang in umur, (wis) cedhak karo ajale, mulih marang panggonane kang bener.
16. (Sesungguhnya) pengelihan sang pujangga belum selesai sama sekali, (masih) memanjang seperti benang ditarik, tetapi terserang oleh umur, (telah) dekat dengan ajalnya, kembali ke tempatnya yang benar.

\*

kemput = selesai sama sekali, paripurna, tuntas.

andungkap = dekat, hampir sampai.

mulur = memanjang.

kasidan jati, dari: sida + jati = kejadian + benar, tujuan yang benar = pati. Siddha (Skr.) = selesai, rampung dikerjakan.

kaserang = terserang.

\*\*\*

17. Amung kurang wolung ari kang kadulu, emating pati patitis, wus katon neng lokilmakpul, angumpul ing madya ari, amarengi ri Buda Pon.
17. Mung kari wolung dina kang katon (dening sang pujangga), kapenaking pati kang bener, wus katon tinulis ing dalem takdir, (sakehing pepetungan) kumpuling wektutengah ding, panuju diva Rebo Pon.

17. Hanya kurang delapan hari (yang) terlihat (oleh sang pujangga), nyamannya ajal (yang) tepat, telah tampak di dalam suratan takdir, (segala hitungan) kumpul di waktu tengah hari, jatuh pada hari Rabu Pon.

\*

|                                 |   |
|---------------------------------|---|
| ari = hari                      | lokilmakpul, dari lauchul +                               |
| emat, dari mat = enak, nyaman   | makfud (Ar.) = batu tulis                                 |
| patitis = teliti, benar, tepat. | yang terjaga (oleh ) Tuhan<br>= catatan yang terjaga oleh |
|                                 | Tuhan = catatan di sorga =                                |
|                                 | suratan takdir.   |
|                                 | Buda = Rabu (hari)  |
|                                 | Pon = Pon (pasaran)                                       |

\*\*\*

18. Tanggal kaping lima antaraning Luhur, Selaning taun Jimakir, Tolu Uma Aryang Jagur, Sangara winduning pati, netepi kumpul saenggon.
18. Tanggal kaping lima antaraning waktu Dluhur, sasi Sela (Dulkangidah) taun Jimakir, Wuku Tolu-Padewan Uma -Padangon Aryang - Paringkelan Jagur, Windu Sangara (iku wektu) ajale (sang pujangga), (kabeh petungan) tetep kumpul dadi siji.
18. Tanggal lima kurang lebih waktu Dluhur, bulan Dulkangidah lauhun Jimakir, Wuku Tolu-Padewan Aryang - Paringkelan Jagur, Windu Sangara (itulah saat) wafatnya (sang pujangga), (semua hitungan) tetep jatuh bersamaan.

\*

|                           |                       |
|---------------------------|-----------------------|
| Sela = sebutan bulan Jawa | Windu = perhitungan   |
| Dulkangidah = Hijriyah,   | peredaran Tahun Jawa. |
| bulan Zulqoidah.          | Satu Windu = 8 tahun. |

Jirnakir = nama tahun Jawa yang seluruhnya ada delapan. Delapan tahun = satu Windu. Nama-nama tahun Jawa, ialah: 1. Alip; 2. Ehe; 3. Jimawal; 4. Je; 5. Dal; 6. Be; 7. Wawu; 8. Jimakir.

Nama Windu ada empat, yaitu 1. Adi; 2; Kunthara; 3 Sengara; 5 Sancaya.

\*\*\*

19. Cinitra ri Buda kaping wolulikur, Sawal ing tahun Jimakir, candraning warsa pinetung, *Nembah muka pu(j)angga ji*\*, Ki Pu(j)angga amit layon.
19. (Serat iki) dikarang ing dina Rebo kaping wolulikur, sasi Sawal taun Jimakir, Candrasangkalaning taun pinetung, Nembah muksa pu(j)angga Ji, Ki Pu(j)angga pamit seda.
19. Kitab ini) dikarang pada hari Rabu tanggal duapuluhan delapan, bulan Sawal tahun Jimakir, bercandrasangkala, Nembah muksa pu(j)angga Ji, Ki Pu(j)angga mohon diri meninggal dunia.

\*). *Nembah muka pu(j)angga ji* = Bersembah (pamit) mati pu(j)angga raja = Candrasangkala yang berarti tahun Jawa 1802 (tahun Masehi 1873), itulah tahun wafat Pu(j)angga Ranggawarsita. Tepatnya hari wafat Sang Pu(j)angga ialah hari Rebo Pon, tanggal 28 Sawal 1802 (24 Desember 1873). Kepastian hari, pasaran, berbagai hitungan dan tahun wafatnya sang pu(j)angga tertulis oleh Ki Pu(j)angga sendiri, mulai bait ke-17 sampai dengan bait terakhir menyebabkan di antara para ahli dan pengamat sastra Ranggawarsita ada yang meragukan, bahwa bait-bait terakhir itu ditulis oleh sang pu(j)angga sendiri.

\*

cinitra, dari citra = menulis,  
menggubah, mengarang.  
Citra juga berarti: bentuk,  
rupa.

candra = bulan.

candrasangkala = hitungan  
tahun menurut peredaran  
bulan. Kemudian ada:  
Suryasangkala = hitungan  
tahun menurut peredaran  
matahari.

Nembah muksa Pujangga Ji,  
berarti tahun Jawa 1802  
tahun Masehi 1873.

amit = pamit, minta diri.

layon = jenazah, mati.

## TAMAT

### III

## SERAT SABDATAMA

Tembang Gambuh 22 bait\*)

1. Rasaning tyas kayungyun, angayomi lukitaning Gambuh, gambir wana kalawan eningting ati, katenta kudu pitutur, sumingkir ing reh tyas mirong.
  1. Rasaning ati kepengin banget, angayomi karangan tembang Gambuh iki, kalawan ati wening, kulina kudu pitutur, (kanggo) ngedohi lakuning pikiran (kangkumudu) mbangkang.
1. Rasa hati ingin sekali melindungi tembang Gambuh ini, dengan hati yang jernih, terbiasa hendak menasehati, (untuk) menyingkirkan pikiran yang hendak memberontak.

\*

- \*) Serat Sabdatama ini terdiri dari dua puluh dua bait tembang Gambuh. Tiap sukukata pertama dari tiap bait adalah bagian sandiasma sang pujangga. Jadi semuanya berjumlah dua puluh dua suku kata. Rangkaian dua puluh dua sukukata itu berbunyi: Raden Ngabei Ronggawarsita ing Kedhungkhhol Surakarta Adiningrat. Penulisan rong dengan o (bacalah keterangannya dalam Serat Sabdajati bait ke-1 di muka).

Kayungyun = tertarik sekali,  
ingin sekali.  
angayomi = melindungi.

gambir wana, kalimat ini sebuah  
wangsalan, yaitu semacam  
teka-teki yang jawabnya  
ada

**lukita** = gubahan tembang,  
karya sastra.

pada perkataan berikutnya:

Gambir wana atau gambir  
dikatakan dengan bahasa  
halus (krama) maupun kasar  
(ngoko): *wantun*.  
Kata *wantun* itu adalah tata  
krama ngoko dari gabir.  
Maka kata di belakang  
gambar wana dalam bagian  
bait tersebut berbunyi:  
*kalawan*, sebagai jawaban  
terhadap teka-teki gambir  
wana, yaitu mengambil  
suku kata *wan* dari *wantun*,  
ditrapkan pada kata  
kalawan.

**Gambuh**: nama tembang  
macapat; kata gambuh  
berarti: biasa, tangkas,  
cekatan; juga:tandak  
Madura.

**katenta** = telah terbiasa.

**mirong** = memberontak,  
menentang, melawan.

\*\*\*

2. *Den samya amituhu, ing sajroning zaman Kalabendu, yogyasami nyunyuda ardaning ati, kang nununtun mring pakewuh, uwohing panggawe awon.*
2. *Muga padha mituruta, ing sajroning zaman kena wewe lak, becik padha nyunyuda angkaraning ati, kang menuntun marang bebaya, (iku) uwohing panggawe ala.*
2. *Semoga bersama-sama mematuhi, di dalam zaman terkutuk, baiklah mengurangi angkara hati, yang membawa kepada bahaya, (itulah) buah perbuatan buruk.*

\*

amituhu = menurut, mematuhi. arda = angkara  
yogya = baiklah uwoh = buah

\*\*\*

3. *Ngajapa tyas rahayu, ngayomana sasameng tumuwuh, wahanane ngendhak angkara kalindhuh, ngendhangken pakarti dudu, dinuwa luwar tibeng doh.*
3. *ngGayuha tekad slamet, ngayomana sapadhaning urip, dadine (bisa) nyuda (lan) ngalahake budi angkara, mbuwang panggawe salah, dijorogake ucul (nganti) tiba adoh.*
3. Capailah tekad selamat, lindungilah sesama hidup, jadinya (dapat) mengurangi (dan) mengalahkan sifat angkara, membuang perbuatan salah, didorong lepas (hingga) jatuh jauh.

ngajap = mengharapkan, menginginkan, mencita-citakan, mencapai  
tumuwuh, dari tuwuuh = tumbuh, hidup.  
wahanane, dari wahana = wedhar, babar = jadinya, kejadiannya, kenyataannya; juga berarti:kendaraan.  
ngendhak = menekan, mengurangi.

kalindhuh = alah, kalah.  
ngendhangken = membuang, menyingkirkan  
pakarti = perbuatan.  
dinuwa, diluwa = didorong.  
luwar = bebas, lepas.

\*\*\*

4. *Beda kang ngaji pupung, nir waspada rubedanr tutut, akikinthal tan angop anggung tut wuri, tyas riwut rawat dauru, korup sinerung ing goroh.*
4. *Beda lan kang ngaji pupung, ilang kawaspadane diluluti babaya, (kang) kinthil tanpa lerentansah ngetutake, (mula) atine bingung (marga) ngandhut (karep) rusuh, katut dening krenteg goroh.*

4. Berbeda dengan orang yang serba senyampang, hilang kewaspadaannya bahaya jinak padanya, mengikutinya tak berhenti selalu membuntutinya, (maka) hatinya bingung (karena) menyimpan (niat) rusuh, (lalu) terbawa oleh niat hati membohong.

ngaji pupung = ngaji + pupung = belajar, membiasakan, berguru, sengaja + senyampang, selagi.

gaji pupung = berbuat selagi (mumpung)

nir = hilang, musnah.

rubeda = halangan, rintangan.

tutut, dari:tut = lulut = jinak.

kinthil = mengikuti, membuntuti.

anggop = diam, berhenti.

anggung = tansah = senan-tiasa, selalu.

riwut = ribut, marah sekali, bingung.

rawat = simpan, memelihara, menyembunyikan, mengandung

dauru = huru-hara, rusuh.

korup = kepung, pengaruh, terjerumus.

sinerung, dari : serung = mengerti, etripikir di hati niat (Jw. : anggraita, krenteg).

\*\*\*

5. Hilang budayanipun, tanpa bayu weyane ngalumpuk, saciptaning wardaya ambebayani, ubayane nora payu, kari kataman pakewoh.
5. Hilang budidayane (akale), tanpa kekuatan (saengga) sembranane nglumpuk, sakrenteging atine mbilaeni, janjine ora payu, (mung) kari katempuh bebaya.
5. Hilang budidayanya (akalnya), tanpa kekuatan (sehingga) kelengahannya terkumpul, niatnya mengandung bahaya, janjinya tidak berharga, tingallah menemui kesulitan.

\*

budaya = budidaya, akal, usaha

bayu = urat, kekuatan.

weya = lengah, sembrono.

ngalumpuk = nglumpuk = terkumpul.

wardaya = hati.

ubaya = janji.

\*\*\*

6. *Rong asta* \*) wus katekuk, kari ura-ura kang pakantuk,  
Dhanghanggula lagu palaran sayekti, ngleluri para leluhur abot  
sihing swami karo. \*\*)
6. *Astane* (Ki Pujangga) sakarone wus kasadhakepake, kari ura-ura  
kang migunani, Dhandhanggula lagu palaran (kang)  
sabenere, ngleluri (warisane) para leluhur, (marga) abot  
sihing bendara loro.
6. Kedua tangan (Ki Pujangga) sudah dilipatkan, tinggal menyanyi  
santai yang berguna, tembang Dhandhanggula irama palaran  
(yang) sebenarnya, menjunjung tinggi (warisan) leluhur, (karena)  
menerima cintakasih dua majikan.

\* ) Perkataan rong asta yang dimaksudkan berarti dua belah  
tangan, terasa agak janggal. Kata yang biasa dipakai ialah:  
asta karo atau asta roro/loro. Kata 'rong' biasa dipakai untuk  
kata: rong atus (dua ratus), rong dina (dua hari), dan lain  
sebagainya. Kepentingan sandiasma, yaitu untuk memperoleh  
suku kata pertama dari nama: ronggawarsita.

Kejanggalan itu menyebabkan di antara ahli dan pengamat  
sastra Ranggawarsita ada yang meragukan Serat Sabdatama  
sebagai karangan sang puangga.

\*\*) Swami karo = dua majikan. Mungkin yang dimaksudkan  
majikan di sini ialah: raja Jawa (yang memerintah) dan  
Pemerintahan Hindia Belanda (Belanda yang menjajah/  
berkuasa).

Swami karo juga berarti dua suami atau dua istri, namun arti  
yang demikian tidaklah tepat dalam hubungannya dengan  
isi kalimatnya.

rong asta = dua tangan. Lihatlah  
catatan \*) di atas.  
katekuk = dilipat.  
ura-ura menyanyi santai.

palaran = nama irama lagu.  
ngleluri, dari luri = orang  
pertama di suatu desa  
atau tempat = leluhur

pakantuk = pakoleh = berguna,  
berfaedah.  
swami = suami, tuan, majikan.

Ngleluri = meneruskan  
tabiat/ kebiasaan leluhur,  
meluhurkan, menjunjung  
tinggi.

\*\*\*

7. Galap gangsuling tembung, Ki Pujangga panggupitanipun, rangu-rangu pamanguning reh arjanti, tinanggapan prana tambuh, ketenta nawung prihatos.
7. Lupute (sarta) landhepe tembung-tebung, (anggone) Ki Pujangga ngarang (serat iki), (anjalari) gojag-gojeg anggone ngudi (bisane) nyenengake ati, (babiku) ironing atine (banjur mung): mangsa bodhoa, (jer) isih kudu kulina nandhang prihatin.
7. Kesalahan (serta) ketajaman kata-kata, (dalam) Ki Pujangga mengubah (kitab ini), (menyebabkan) maju-mundur usahanya, (untuk) menyenangkan hati, (hal itu) dalam hatinya lalu hanya: masa bodo, (memang Ki Pujangga) masih harus biasa menderita prihatin.

\*

galap gangsul = galap+gangsul =  
    tak senonoh, khilaf+tajam,  
    sengit, serba salah.  
panggupitanipun, dari gupita =  
    mengarang, mengubah.

reh = perintah, tuntunan.  
arjanti = amat menyenangkan  
        hati (jw. respati linakung).  
tambuh = pura-pura tak mengerti

rangu-rangu = ragu-ragu, maju , tidak peduli, masa bodo, mundur, berhenti. terserah.

pamanguning, dari mangun = nawung = campur, sedang, membangun, membentuk, mengembang, menderita. membuat, mengusahakan.

\*\*\*

8. Wartane para jambur, pamawasing wasita tanpa wus, wahanane jaman owah angowahi, yeku sangsaya pakewuh, ewuh aya kang linakon.
8. Kabare para wong pinter, anggone migatekake pituduh tanpa uwis, (bab) kanyatane jaman owah (akeh) owah-owahan, yaiku (kang andadekake) luwih angel banget, sarwa ewuh kang padha dilakoni.
8. Menurut berita (bahwa) orang-orang pandai, memperhatikan petunjuk tak habis-habis, (tentang) kenyataan zaman berubah (banyak) perubahan, itulah (yang menjadikan) lebih sulit sekali, serba sukar yang dijalani.

\*

jambur, dari jamhur (Ar.) = orang wahana = kenyataannya, pandai dalam pengetahuan kejadiannya (lihat bait ke-agama, pandai sekali. 3).

tanpa wus = tak habis-habis. yeku = yaitu  
wasita = nasihat, petunjuk. ewuhnya = serba sulit, lebih sulit

\*\*\*

9. Sidining Kalabendu, saya ndadra ardaning tyas limut, ora kena sinirep limpading budi, lamun durung mangsanipun, malah sumuke angradon.
9. Pantoging (kaanan) zaman kena wewelak, saya ndadra kamurkaning ati kang peteng, (iku) ora kena disirep dening ketrampileane akal pikiran, yen durung (teka) mangsane, (penyirep mau) malah (agawe) panase (zaman Kalabendu) saya ndadi.

9. Puncak (keadaan) zaman terkutuk, makin menjadi-jadi angkara hati yang dalam kegelapan, (itu) tidak dapat diredakan oleh kecekatan akal pikiran, bila belum tiba waktunya, (usaha meredakannya) bahkan (menjadikan) panasnya (zaman Kalabendu) makin menjadi-jadi.

sidi = siddhi (Skr.) = benar,  
sampurna, rampung,  
puncak (kesudahan).  
limut = lupa, gelap.

impad = cekatan, trampil  
sumuk = panas.  
angradon, dari radon = banyak,  
bertambah, menjadi-jadi.

\*\*\*

10. Tatanañe tumruntun, panuntuning tyas angkara antuk, kaladesa wenganing karsa kaeksi, limut kalimput angawut, mawut sangyaning dumados.
10. Pranataning (nagara) ambanyumili, (nanging anjalari) panuntun kamurkaning ati oleh, wektu kang cocok (saengga) meruhi cetha kakarepaning wong, (kang) atine peteng (banjur tumindak) ngawur, (wekasane) kocar-kacir sakabehing titah.
10. Peraturan (negara) bertubi-tubi, (tetapi berakibat) tuntunan keangkara-murkaan hati mendapat, kesempatan yang tepat (sehingga) mengetahui jelas kehendak orang, (yang) hatinya gelap (lalu bertindak) ngawur, (akhirnya) kacau-balau lahir semua makhluk.

\*\*\*

tumruntun, tumaruntun = terus-  
menerus, terus-terusan,  
bertubi-tubi.  
antuk, entuk, oleh = mendapat.  
kaladesa = Kaladesya (Skr.) saat  
dan kesempatan yang tepat.  
wenga = buka.  
karsa = kehendak.

kaeksi = kelihatan, tampak.  
limut = gelap hati, buntuk  
pikiran.  
kalimput = tertutup.  
angawut = ngawur.  
mawut = cerai-berai, kucar-  
kacir.  
sangyaning = semuanya.

11. /ng antara sapangu, pangungaking kaanan wusmirut, morat-marit panguripaning sasami, sirna katentramanipun; wong udrasa sanggon-enggon.
11. Mung watara sadhela, (sang pujangga) nginguk kaanan wis katut, morat-marit panguripan sapadha-padhaning titah, wong nangis ing ngendi-endi.
11. Hanya kira-kira sebentar, (sang pujangga) menengok keadaan telah terbawa arus, kucar-kacir penghidupan sesama titah, orang menangis di mana-mana.

\*

|                               |                                   |
|-------------------------------|-----------------------------------|
| sapangu = sebentar, sekejap.  | morat-marit = kucar-kacir, cerai- |
| pangungaking, dari ngungak =  | berai, kacau-balau.               |
| menengok, melihat             | sirna = hilang, musna.            |
| sebentar.                     | udrasa = menangis.                |
| mirut = katut = terbawa arus. |                                   |

\*\*\*

12. Kemat isarat lebur, bubar tanpa daya kabarubuh, paribasan tidhem tandhaning dumadi, begjane ula daulu, cangkem silite anyaplok.
12. Tenung (lan) sarat-sarana lebur, ancur tanpa kekuatan (dadi) ambrol, paribasan ilang tandhaning ngaurip, begjane ula daulu, cangkem lan silite padha nyaplok.
12. Tenung (lan) sarat-sarathna lebur, hancur tanpa daya (menjadi) runtuh, dapat dikatakan hilang tanda-tanda kehidupan, untungnya ular kepala dua, mulut dan duburnya mencaplok.

|                               |                                  |
|-------------------------------|----------------------------------|
| kemat = tenung.               | kabarubuh = roboh, tumbang,      |
| isarat = sarat-sarana, upaya. | ambruk.                          |
| bubar = hancur.               | tidhem = diam, berhenti.         |
| tanpa daya = tanpa kekuatan.  | dumadi dari: dadi = jadi, hidup. |

Daulu, dari dwa + ulu =  
dwi + ulu = dua kepala = kepala  
dua

三

13. *Dhungkari gunung-gunung, kang geneng-geneng padha jinugrug, parandene tan ana kang nanggulangi, wedi kalamun sinembur, upase lir wedang umob.*
  13. (Ula daulu mau) ndhungkari gunung-gunung, kang geneng-geneng padha dijugruga ke, ewadene ora ana kang ngalang-ngalangi, (jalaran) wedi yen disembur, upase (mandi) kaya wedang umob.
  13. (Ular kepala dua itu) membongkar gunung-gunung, yang tinggi-tinggi diruntuhkan, meskipun demikian tidak ada yang menghalang-halangi, (sebab) takut kalau disembur (ular itu), bisaanya (ampuh) seperti air mendidih.

文

|  |   |
|--|---|
| <i>ndhungkari</i> = membongkar.                  | <i>parandene</i> = meskipun demikian.                 |
| <i>geneng</i> = agak tinggi (tanah<br>membusut). | <i>nanggulangi</i> = menghalang-<br>halangi, melawan. |
| <i>dijugrake</i> , dari <i>jugrug</i> = runtuh.  | <i>upas</i> = bisa, racun.                            |

三三三

14. *Kolongganing \*) kaluwung, prabanira kuning abang biru, sumurupa iku mung soroting warih, wewarahe para Rasul, dudu jatining Hyang Manon.*

14. Bunderaning kluwung, sorote kuning abang biru, weruha yen iku sorote banyu, (mangkono iku) pituture para utusaning Allah, (iku) dudu Gusti Kang Mahapirsa.

14. Bundaran (dari) pelangi, sinarnya kuning merah biru, ketahuilah bahwa itu sinar air, (demikianlah) ajaran para utusan Tuhan, (itu) bukan Tuhan Mahatahu yang sebenarnya.

\*

- \*) Perkataan *kofonganing* berasal dari: kolong, kolongan = bundaran.

Penulisan kata kolong dengan huruf Jawa umumnya (sekarang) dengan satu huruf/la/( ), Sukukata pertamanya *ko* adalah suara terbuka, tetapi di sini harus dibaca *kol*, karena harus memenuhi suku kata bagian sandiasma yang berbunyi: *kedhungkol*, yaitu kampung tempat kediaman pengarangnya. Lihatlah sandiasma selengkapnya pada catatan di bawah bait ke-1 Serat ini pula.

Hal itu merupakan kejanggalan yang telah menyebabkan di antara para ahli dan pengamat sastra Ranggawarsita meragukan, bahwa Serat Sabdajati ini karangan Ranggawarsita. Namun di zaman Ranggawarsita perkataan itu memang ditulis dengan dua huruf la ( ) menjadi *kollonganing*. Lihatlah terutama Serat Pustakaraja Purwa, ditulis dengan huruf Jawa: Pustakaraja Purwwa /ww/,<sup>1</sup> *Kolff Buning*, Djokja, 1939. Juga seperti *bubukannipun/nn/*, *wuryyaning/yy/*, *annyariyosaken/nn/*, *suryya/yy/*, *dumuginnipun/nn/*. Di lain buku karangan Ranggawarsita: *marmma/mm/*, *pakartti/tt/*, *panggupitannipun/nn/*, *menneng/nn/*, *tumekanning/nn/*, dan sebagainya.

kolonganing, dari kolongan = Hyang Manon = Dewa yang serba lobang, bundaran. tahu, Tuhan Mahatahu.

kluwung = pelangi.

praba = cahaya, sinar.

rasul (Ar.) = utusan Tuhan.

\*\*\*

15. *Supaya padha emut, amawasa benjang jroning zaman, windu kuning kono ana wewe putih, gagamane tebu wulung, arsa angrabaseng wedhon. \*)*

15. Supaya padha eling, tontonen mbesuk jroning zaman, windu kuning ing kana ana wewe putih, gagamane tebu wulung, bakal ngrusak (barisaning) wedhon.
15. Hendaklah semua ingat, lihatlah kemudian di dalam taun, zaman keemasan di sana ada hantu perempuan putih warnanya, senjatanya tebu wulung, hendak merusak (barisan) hantu mayat terbungkus kain kafan.

\*

- \*) Di dalam bait ini terdapat jangka, yaitu ramalan yang berbunyi: *benjing jroning jaman, windu kuning kono ana wewe putih, arsa angrabesing wedhon*. Terjemahan sudah ditulis pula di atas.

Kalimat ramalan itu merupakan perlambang (lambang) yang mengandung makna atau pengertian tersendiri. Di sini penterjemah hanya mengemukakan sifat-sifat yang terdapat pada lambang-lambang tersebut sebagai berikut:

1. **windu kuning** = zaman keemasan, zaman serba senang. Ingatlah perkataan gada wesi kuning, pusaka Adipati Minakjingga di Balambangan dalam cerita Darmarwulan = gada keemasan.  
Perkumpulan kebatinan "Windu Kencana" (di zaman lampau) = zaman keemasan. Kencana = emas.
2. **wewe putih** = hantu perempuan yang berwarna putih. Hantu = makhluk halus, bukan manusia, dikenal sebagai pengganggu keamanan manusia, menakutkan.
3. **wedhon** = hantu yang berupa mayat terbungkus kain kafan. Sama halnya dengan hantu-hantu lainnya dikenal sebagai pengganggu keamanan manusia, menakutkan.
4. **tebu wulung** = tebu yang rupanya biru tua kehitam-hitaman, jenis tebu ini kecil-kecil, tetapi rasanya konon lebih manis dari tebu biasa.

*Catatan:* ada pula tebu hitam, yaitu yang kulitnya berwarna hitam. Ini berbeda dengan tebu wulung. Tentang makna atau tafsir dari ramalan tersebut terserah kepada kearifan para pembaca.

\*

angrabaseng, dari ngrabasa = merusak, memerangi.

\*\*\*

16. Rasane wus karasuk, kesuk lawan kalamangsanipun, kawisesa kuwasanira Hyang Widdi, wahyaning wahyu tumelung, tulus tan kena tinegor.
16. (Ing zaman windu kuning) rasane wus kasarira (rumasuk ing sanubari), kadheseg dening kalamangsane, (awit saka) kuwasane Gusti Allah Kang Mahakawasa, kanyatane (yaiku) tumuruning wahyu, lestari ora kena kategor.
16. (Dalam zaman keemasan) rasanya telah merasuk (dalam sanubari), terdesak oleh waktu yang tentu, (atas) kuasa Tuhan Yang Mahakuasa, (berupa) kenyataan turunnya wahyu, tetap lestari tak dapat ditebang (ditumbangkan).

\*

rasa = rasa. Yang dimaksudkan disini bukan rasa kenyamanan lidah, tetapi rasa yang meliputi seluruh jiwa, perasaan.

kurasuk = masuk dalam sanubari, manunggal dalam jiwa.

kawisesa = dikuasai.

wahyaning = kenyataannya.

kalamanisa = waktu + waktu = waktu yang tentu, yang tepat.

wahtu tumelung = wahyu yang turun, diturunkan oleh Tuhan.

tulus = lestari.

tinegor = ditebang, ditumbangkan.

\*\*\*

17. Karkating tyas katuju, jibar-jibur adus banyu wayu, yuwanane turun-tumurun tan enting, liyan praja samya rujuk, keringan saenggon-enggon.
17. Kepengining ati wus kaleksanan, seneng-seneng adus banyu adhem (kang nyegeri), kaslametan saturun-turune tanpa entek, nagara liya padha cocok, (wekasan) kajen keringan ing ngendi-endi.
17. Keinginan hati telah terlaksana, bersenang-senang mandi air dingin (yang menyegarkan), keselamatan turun-temurun tak ada habisnya, lain negara menyetujuinya, (akhirnya) dihormati dimana-mana.

karkat, karekat = keinginan hati,  
kekuatan batin,  
kegembiraan

katuju = terlaksana maksudnya.  
jibar-jibur = suara orang mandi bersenang-senang karena merasa kesegaran.

banyu wayu = air basi (yang sudah menginap), air dingin menyegarkan.

yuwana = selamat.  
tan enting = tak habis-habis.  
rujuk = rukun, setuju.  
kerigan = terhormat, dihormati.

\*\*\*

18. Tatune kabeh tuntum, lelarane waluya sadarum, tyas prihatin ginantya suka mepeki, wong ngantuk anemu kethuk, jro mesi dinar sabokor.
18. Tatune kabeh pulih, lelarane mari kabeh, ati prihatin dadi seneng banget, wong ngantuk anemu kethuk, njerone isi ringgit bokor.
18. Semua luka pulih, penyakitnya sembuh semua, hati sedih berganti senang sepenuhnya, orang mengantuk menemukan kethuk, di dalamnya isi ringgit satu bokor.

\*

tatu = luka.  
tuntum = pulih.  
waluya = sembuh.  
seneng mepeki = senang sepenuhnya.  
kethuk = kenong kecil, bagian dari seperangkat gamelan.

dinar = mata uang ringgit.  
sabokor = satu bokor. Bokor = tembokor = pinggan cekung dengan kaki, diperbuat dari logam.

\*\*\*

19. Amung padha tinumpuk, nora nana rusuh colong jupuk, rajakaya cinancangan aneng njawi, tan ana nganggo tinunggu, parandene tan cinolong.
19. (Dinar mau) mung padha tinumpuk, (marga) ora ana rerusuh wong nyolong njupuk, rajakaya padha dicencang ing sajabaning omah, ewadene ora kacolong.
19. (Dinar itu) hanya ditumpuk, (sebab) tak ada perbuatan rusuh orang mencuri dan mengambil, binatang ternak diikat di luar rumah, meskipun demikian tidak dicuri orang.

\*

rajakaya = binatang ternak.

\*\*\*

20. Diraning durta katut, anglakoni ing panggawe runtut, tyase katrem kayoman ayuning budi, budyarja marjayeng limut, amawas pangesthi awon.
20. Kuwanene wong ala padha katut, (banjur) padha anglakoni panggawe becik, atine mapan diayomi dening budi slamet, budi slamet kang ngalahake pepeteng, nyatitekake gagayuhan ala.
20. Keberanian penjahat terbawa arus, (lalu) semuanya melaksanakan perbuatan baik, hatinya senang (karena) dilindungi tekad selamat, tekad selamat yang menindas kegelapan, memperhatikan maksud buruk.

\*

diraning, dari: dira = berani, keberanian.  
katrem = senang, krasan.  
durta = jahat, orang jahat.  
marjayeng, dari marjaya + ing = menindas, membunuh,  
runtut = baik, teratur.  
mawas = melihat dengan teliti,  
d e n g a n t a j a m ,  
memperhatikan.

\*\*\*

21. Ninggal pakarti dudu, kadarpaning parentah ginugu, mring pakaryan saregep temen nastiti, ngisor dhuwur tyase jumbuh, tan ana waon-winaon.
21. (Wong-wong ala mau) padha ninggal panggawe ala, parentah kenceng digugu, sregep marang pagaweyan temen lan setiti, (golongan) ngisor lan dhuwur padha cocok, ora ana cacat-cinacat.
21. (Orang-orang jahat itu) meninggalkan perbuatan jahatnya, perintah keras dipatuhiinya, rajin bekerja bersungguh-sungguh dan teliti, (golongan) bawah dan atas sesuai, tak ada celamencela.

\*

pakarti, dari karti = kerja; pakarti = perbuatan      jumbuh = cocok, sesuai, sama.

\*\*\*

22. Ngratani \*) sapraja gung, keh sarjana sujana ing kewuh, nora kewran ing wicara agal alit, pulih duk jaman rumuhun, tyase teteg teguh tanggon.
22. Rata ing saindenging nagara gedhe, akeh wong pinter sarta ahli ing bab (nanggulangi) bebaya, padha ora kewran ing rembug gedhe cilik (agal, alus), pulih kaya jaman biyen, atine padha teteg kuwat lan kena dipercaya.

22. Merata di seluruh negara besar, banyak orang pandai dan ahli tentang (menghadapi) bahaya, tidak gentar dalam hal besar kecil (kasar halus), pulih seperti zaman dahulu, hatinya tabah kuat dan dapat dipercaya.

\*

- \*) Sukukata pertama dalam bait ini berbunyi: ngratani, yang penulisan huruf Jawa umumnya (sekarang) adalah: ngrata + ni, asal kata: rata, tetapi di dalam bait ini harus dibaca: /ngra-/ (= ani), yaitu suku kata terakhir dari sandiasma yang seluruhnya berbunyi: Raden Ngabei Ronggawarsita ing Kedhungkol Surakarta Adiningrat. Dengan menggunakan *ngrat* dari ngratani itu terasa janggal. Oleh karenanya para ahli pengamatsastra Ranggawarsita meragukan, bahwa Serat Sabdatama itu karangan sang pujangga. Namun di zaman Ranggawarsita penulis huruf Jawa dari kata tersebut memang dengan dua huruf /ta/, bahkan juga dengan, dual huruf /na/ ( ). Keterangan hal ini seperti tersebut dalam catatan pada bait ke-14 di muka.

\*

|   |  |
|---|--|
| sarjana = orang pandai, cedekiawan.                           | wicara = bicara, soal, pembicaraan.          |
| sujana = orang ahli, orang amat pandai. Juga berarti: curiga. | teteg = tabah.                               |
| agal alit = besar kecil kasar halus.                          | tangguh = kuat.                              |
| ora kewran = tidak gentar, tidak kurang akal.                 | tanggon = dapat dipercaya, dapat diandalkan. |

TAMAT

## IV

### SERAT JAKA LODHANG

Serat Jaka Lodhang ini dimulai dengan Bubuka (Pendahuluan) berupa dua'pada' (bait) geguritan atau sanjak. Masing-masing bait terdiri dari lima gatra (bagian).

Bubuka ini ada yang menyebut dengan nama Serat Kalut (kalut = kacau) sebagai serat tersendiri.

Kata-kata dan kalimat-kalimat geguritan tersebut berdasarkan susunan dan arti harfiyahnya dapat disimpulkan sebagai perlambang (lambang) berupa kata-kata bersayap yang menyelubungi sesuatu maksud tertentu.

Sebagai telah diuraikan dalam Kata Pengantar buku ini, penterjemah mengutamakan terjemahan, yaitu memberikan arti kata-kata yang tersurat dengan di sana-sini melengkapi kalimat-kalimat sehingga dapat dan mudah dipahami oleh para pembaca segala tingkat kecerdasan.

Tentang yang tersirat atau makna, tafsir dari kata-kata dan kalimat-kalimat bersayap terserah kepada kearifan para pembaca.

Di dalam dua bait Geguritan itu terdapat sandiasma dari pengarangnya yang dijelaskan sebagai berikut:

1. Dalam Geguritan ke-1 rangkaian suku kata-suku kata pertama dari tiap-tiap gatra berbunyi *ronggawarsita*. Rangkaian dari

suku kata-suku kata terakhir dari tiap-tiap gatra berbunyi: *basa kadhaton*.

2. Dalam Geguritan ke-2 rangkaian suku kata-sukukata pertama dari tiap-tiap gatra berbunyi: *basa kadhaton*. Rangkaian suku kata-suku kata terakhir dari tiap-tiap gatra berbunyi: *ronggawarsita*.

Basa kadhaton = basa (ing) kraton = bahasa (di) istana = pujangga (yang menggunakan) memahami bahasa istana.

Serat Jaka Lodhang ini adalah *Serat Jangka*, yaitu Ramalan, sebab di dalamnya terdapat angka tahun yang berbentuk Candrasangkala. Ramalan itu menunjukkan (akan) terjadinya berbagai peristiwa.

\*

## BUBUKA

### Geguritan 2 bait

- |  |   |
|--|---|
| 1. <i>Ronggeh *) jleg tumiba, gagaran<br/>santosa, wartane meh<br/>teka,<br/>sikara karodha,<br/>tatage tan katon.</i> | 2. <i>Barang-barang ngerong, saguh<br/>tanpa raga,<br/>katali kawawar,<br/>dhadhal amekasi,<br/>tondha murang tata.</i> |
|--|---|

1. Kaanan kang sarwa ora nentremake teka padha sanaika, (iku) dadi paugeran kang kuwat, (ing bab kang) kabare meh teka, (yaiku) tindak sawenang-wenang, (saengga) tatage atining wong ora katon.
2. Apa (ian sapa) bae kang padha ndhelik, saguh tekad pati, (nadyan) kabanda kasigar-sigar, (marga percaya lalakon mau) wekasane (bakal) ambyar, (jalaran) nyata nerak tatanan (kamanungsan).
1. Keadaan yang menggelisahkan terjadi tiba-tiba, (itu) menjadi pedoman kuat, (akan hal yang) kabarnya hampir tiba, (yaitu)

- tindak sewenang-wenang, (sehingga) ketabahan hati orang tidak tampak.
2. Apa (dan siapa) pun yang bersembunyi, sanggup bertekad mati, (sekalipun) dibelenggu dipecah-pecah, (sebab percaya peristiwa itu) akhirnya (akan) hancur, (karena) nyata-nyata melanggar tata (kemanusiaan).

\*

\*) Perkataan *ronggeh*, penulisannya dengan huruf Jawa umumnya (sekarang) adalah: ro + ngeh (70479), tetapi perkataan itu di sini harus memenuhi kepentingan sandiasma; *ronggawasita*. Oleh karenanya penulisannya dengan huruf Jawa adalah: rong + eh (71214-17S). Keterangan mengenai soal ini seperti dapat dibaca dalam catatan dalam Serat Sabdajati bait ke-14 dan bait ke-22 di muka.

\*

|  |  |
|--|--|
| ronggeh = tidak tenteram, serba gelisah.                     | ngerong = masuk dalam liang, bersembunyi.  |
| jleg = datang, jatuh, muncul dengan tiba-tiba.               | tanpa ragu = tanpa badan/tubuh, mati.  |
| gagaran, dari: garan = pegangan, pedoman.                    | katali = dilukat, dibelenggu.  |
| sikara karodha = menyiksa dengan bernafsu = sewenang-wenang. | kawawar, dari: wawar = sigar = pecah, pecah-belah.<br>murang tata = melanggar peraturan. |

\*\*\*

### ISI SERAT JAKA LODHANG

Isi Serat Jaka Lodhang setelah Bubuka tersebut terdiri dari 3 bagian, yaitu:

Bagian ke-1 berupa tembang Gambuh

3 bait;

|                                     |         |
|-------------------------------------|---------|
| Bagian ke-2 berupa tembang Sinom    | 3 bait; |
| Bagian ke-3 berupa tembang Megatruh | 3 bait. |

## BAGIAN KE-1

### Tembang Gambuh 3 bait

1. Jaka Lodhang \*) gumandul, aneng ngepang ngethengkrang sru muwus, eling-eling pasthi karsaning Hyang Widdhi, gunung mendhak jurang mbrenjul, ingusir praja prang kasor. 1.  
Jaka Lodhang (Ki Pujangga) gumandhul ing uwit, ana ing epang ngethengkrang (banjur) ngucap seru, (padha) eling- elingen karsaning Allah wis mesthi, gunung-gunung (kang dhuwur) padha mendhak (jugrug), jurang (kang jero) padha mbrenjul, (ana wong) keplayu saka negarane (marga) kalah perang.
1. Jaka Lodhang (Ki Pujangga) bergantungan di pohon, di atas dahan duduk santai (lalu) berkata keras, ingat-ingatlah (semua) kehendak Tuhan sudah pasti, gunung-gunung (yang tinggi) merendah (runtuh), jurang-jurang (yang dalam) membusut (bergundukan), (ada orang-orang) terusir dari negerinya (karena) kalah perang.

\*

\*) *Jaka Lodhang* berasal dari kata *jaka* = jejaka, lelaki muda + *lodhang* atau *ludhang* = rampung, selesai, sudah selesai dengan suatu pekerjaan = bebas dari sesuatu kewajiban. Jaka Lodhang berperan di dalam Serat ini sebagai juru bicara pengarangnya, atau sebagai nama samaran pengarangnya dalam karya ini.

\*

|   |   |
|---|---|
| sru muwus = keras berucap =<br>berkata keras. | ingusir = terusir.<br>praja = negeri, negara. |
| mendhak = merendah, merunduk                  | kasor = alah, kalah.                          |

brenjul = membusut,  
bergundukan tanah.

\*\*\*

2. Nanging aywa keliru, sumurupa kandha kang tinamtu, nadyan mendhak mendhaking gunung wus pasthi, masih katontabetipun, beda lawan jurang gesong.
  2. Nanging aja padha kleru (tampa), sumurupa ujar kang bener, nadyan mendhak (nanging) mendhaking gunung (iku) wus mesthi, isih katon tilase, beda karo jurang kang ngesong.
2. Tetapi janganlah keliru (terima), ketahuilah kata-kata yang benar, meskipun menjadi rendah (tetapi) rendahnya gunung sudah pasti, masih kelihatan bekasnya, berbeda dengan jurang yang menggeronggong.

tabet = bekas.

jurang gesong = jurang yang  
menggeronggong, menjadi  
lobang di dalam tanah.

gesong, dari song, esong = lobang  
di dalam tanah,  
menggeronggong.

\*\*\*

3. Nadyan bisa mbarenjul, tanpa tawing enggal jugrugipun, kalakone karsaning Hyang wus pinasthi, yen ngidak sangkalanipun, *Sirna tata esthining wong.* \*)
  3. Nadyan (jurang) bisa mbarenjul, tanpa kekuatan aling-aling (mesthi) enggal jugrug, (kaanan mangkono iku) kalakone karsaning Allah wis pinasthi, (yaiku) yen wis tumapak Candrasangkalane (wektune) Sirna tata esthining wong.
3. Meskipun (jurang) membusut, tanpa kekuatan dinding (tentu) cepat runtuh, (keadaan demikian itu) terjadi karena kehendak Allah telah pasti (yaitu) setelah menginjak waktunya dengan Candrasangkala: Sirna tata esthining wong.

\*

- \*) Sirna tata esthining wong = Musnahlah tata (cara) tujuan orang. Candrasangkala itu berarti tahun Jawa 1850. Tahun Jawa 1850 ialah dari tanggal 1 Sura (Jum'at Wage) sampai dengan 29 Besar (Selasa Kliwon) 1850 = tahun Masehi tanggal 26 September 1919 sampai dengan 14 September 1920.

\*

tawing = aling-aling, batas,  
dinding, pagar.

ngidak sangkalanipun =  
menginjak Candrasang-kalannya  
= memasuki tahunnya.

\*\*\*

## BAGIAN KE-2

### Tembang Sinom 3 Bait

1. Sasedyane tanpa dadya, sacipta-cipta tan polih, kang raraton-raton rantas, mrih luhur asor pinanggih, bebendu gung nekani, kongas ing kanisthanipun wong agung nis gungira, sudireng wirang jrih lalis, ingkang cilik tan tolil ring cilikira.
  1. (Wiwit tahun 1850 kasbut) sasedyaning wong ora ana kang kalakon, apa bae kang digayuh ora ana kang kalakon, kang padha gawe gerombolan kabeh bubar, ngudi kaluhuran tinemu asor, dudukaning Allah kang nemen nekani, kondhang kanisthaning wong, wong luhur ilang kaluhurane, wani isin wedi mati, sing (wong) cilik ora ngrumangsani cilike.
  1. (Mulai tahun Jawa 1850 tersebut) semua cita-cita (orang) tak ada yang berhasil, apapun yang dikehendaki tak ada yang tercapai, yang membuat gerombolan bubar semuanya, mengusahakan derajat luhur memperoleh kehinaan, kutuk Tuhan yang keras tibalah, menonjollah kerendahan budi orang, orang bermartabat

tinggi hilang martabatnya, berani malu takut mati, yang (golongan) kecil tak mau tahu diri.

\*

**tanpa dadya** = tak ada yang jadi, tak ada yang terlaksana.

**sacipta-cipta** = segala, apapun yang dicita-citakan.

**bebendugung** = kutuk Tuhan yang keras.

**kongas** = terkenal, menonjol.  
**kanisthanipun** = kerendahan budinya

**raraton**, dari: **ratu** = raja, kepala negara. Raraton = membuat ratu-ratuannya = m e m b u a t gerombolan/  
perkumpulan dengan mengangkat kepalamanya/  
pimpinannya.

**tan polih** = tanpa olih/ oleh = tak ada yang berhasil.

**mrih luhur** = murih luhur = menghendaki, mengingini keluhuran.

**asor** = rendah, hina.

**rantas** = hancur, bubar, rusak.

**nis** = hilang.

**sudireng wirang** = sudira + ing wirang = berani berbuat malu.

**jrih lalis** = takut mati.

**tan tolih ring** = tidak menoleh kepada (hakikatnya), tak mau tahu diri.

2. Wong alim-alim pulasan, njaba putih njeru kuning, ngulama mangsah maksiyat, madat madon minum main, kaji-kaji ambanting, dulban kethu putih mamprung, wadon nir wadonira, prabaweng salaka rukmi, kabeh-kabeh mung marono tingalira.
2. Wong (ngaku) pinter (sateme) palsu, njabane katon suci (putih, nanging) njerone reged (kuning), ahli ilmu agama Islam nerak laranganing Allah, madat madon ngombe (minuman keras) ngabotohan, kaji-kaji padha ninggal, sorban kethu putih kabur, wanita ilang kawanitane, (awit) dayane salaka tan emas, kabeh wong mung padha nggatekake rajabrama.

2. Orang (yang mengaku) pandai (sebenarnya) palsu, di luarnya tampak suci (putih) di dalamnya kotor (kuning) ahli ilmu agama Islam melanggar larangan Tuhan, madat melacur minum-minuman keras dan berjudi, haji-haji meninggalkan, sorban kopiah putihnya beterbangan, wanita hilang kewanitaannya, (karena) daya pengaruh perak dan emas, semua orang hanya memperhatikan harta benda.

\*

wong alim = orang pandai  
agama islam

pulasan = diwarnai (cat) =  
b u k a n y a n g  
sesungguhnya warna  
palsu.

putih = lambang kesucian.

kuning = lambang warna,  
tidak putih, tidak bersih,  
tidak suci, kotor.

ngulama, dari: 'ulama (Ar.) =  
orang ahli ilmu agama  
Islam.

mangsaah = menempuh  
menerjang melanggar.

maksiyat = larangan  
Tuhan

madat madon minum main =  
makan candu, melacur,  
minum-minuman keras,  
berjudi.

Terkenal istilah Jawa. *ma lima;*  
*ma yang kelima ialah*  
*ma lima.*

dulban, dari: tulband (Bld.) =  
penutup kepala, kopiah,  
peci.

mampurung = terbang,  
beterbangan.

nir = hilang.

prabaweng, dari: prabawa = daya  
pengaruh.

salaka rukmi = perak dan emas,  
harta benda.

\*\*\*

3. Para sudagar ingargya, ironing jaman keneng sarik, marmane saisining rat, sangsarane saya mencit, *Nir sad esthining urip* \*)  
iku to sangkalanipun, pantoging nandhang sudra, yen wis tobat  
tanpa mosik, sru nalangsa narima ngandel ring Suksma.

3. Para sudagar kang (mesthine) diajeni, (urip) ing jaman kang kena bebendu (ning Allah), mula sainsining jagad, sangsarane saya nemen banget (wigatekna) Nir sad esthining urip, yaiku wektune (Candrasangkalane), entek-entekane nandhang nistha, yen wus tobat tanpa obah (batine), nalangsa banget (kanthi) panarima ngandel marang (kuwasaning) Allah.
3. Para saudagar yang (mestinya) dihormati, (hidup) dalam jaman yang terkutuk (oleh Tuhan), maka seisi dunia, sengsaranya makin memuncak, (perhatikanlah) Nir sad esthining urip, itulah waktunya (Candrasangkalanya), puncaknya menderita hingga, (yaitu) bilamana (orang) sudah bertobat tanpa gerak (batinnya), amat menyesali diri (dan) sadar percaya kepada (kekuasaan) Tuhan.

\*

- \*) *Nir sad esthining urip* = Hilang kering cita-cita hidup, adalah kalimat Candrasangkala yang berarti tahun Jawa 1860.

Tahun Jawa 1860 ialah mulai tanggal 1 Sura (Ahad Pon) sampai dengan 29 Besar (Kamis Pahing) 1860 = tahun Masehi tanggal 9 Juni 1929 sampai dengan 29 Mei 1930. *Sad* = enam; sebagai kata bersayap, dapat diartikan sebagai: *sat* = asat = kering, habis.

\*

|  |   |
|--|---|
| ingargya, dari argya = harga,<br>hormat; dihargai,<br>dihormati. | pantog, dari: tog = habis<br>(batas) = tinggi sampai di<br>puncak.                        |
| sarik = kutuk Tuhan, murka<br>Tuhan.                             | sudra = hina, rendah,<br>sengsara,  |
| sasining rat = seisi dunia.                                      | mosik = gerak, bergerak.  |
| saya mencit = semakin<br>memuncak.                               | sru nalangsa = amat<br>menyesali diri.<br>Sukksma = jiwa, yang<br>menguasai jiwa = Tuhan. |

\*\*\*

**BAGIAN KE-3**  
**Tembang Megatruh 3 bait**

1. mBok Parawan sangga wang duhkiteng kalbu, Jaka Lodhang nabda malih, nanging ana parmanipun, ing weca 1i, ang wus pinasthi, esthinen murih kalakon.
  1. mBok Parawan sangga wang sedhiih atine, Jaka Lodhang ngucap maneh, nanging ana pangeman (ing Gusti Allah), (yaiku) ing dalem jangka kang wis katemtoake, (iku) udinen supaya kalakon.
1. mBok Parawan bertopang dagu (karena) sedih, Jaka Lodhang berkata lagi, tetapi ada kasih-sayang (Tuhan), (yaitu) di dalam ramalan yang sudah dipastikan, usahakanlah agar (itu) terjadi.

mbok = sebutan untuk perempuan yang sudah kawin.

m Bok Ayu = kakak perempuan.

parawan = gadis.

mBok Parawan adalah sebutan yang tidak biasanya. Mungkin dimaksudkan sebagai sebuah kata lambang mengejek, tetapi mungkin juga menghormat.

sanggawang = bertopang dagu.

duhkiteng kalbu = kesedihan hati.

parimarma = palimarma,

palimirma = sayang, kasih sayang; juga = anugerah.

weca = ramalan, sabda pendeta dan sebagainya.

\*\*\*

2. Sangkalane maksih nunggal jamanipun, neng sajroning madya akir, *Wiku sapti ngesthi ratu* \*), ngadil parimarmeng dasih, ing kono karsaning Manon.

2. (Kalakone jangka mau) wektune (Candrasangkalane) isih nunggal jamane, ana ing sajrone madya akir (-ing jaman), (Candrasangkalane) Wiku sapta ngesthi ratu, kang adil asih tresna marang kawula, ing kono karsaning Allah.
2. (Terjadinya ramalan itu) waktunya masih dalam zaman, di pertengahan-akhir (abad), (Candrasangkalanya) Wiku sapta ngesthi ratu, yang adil kasih-sayang kepada rakyatnya, di sanalah kehendak Tuhan.

\*

\*]) wiku sapta ngesthi ratu, =Tujuh orang pendeta menghendaki seorang raja. Candrasangkala ini berarti tahun Jawa 1877. Tahun Jawa 1877 ialah mulai tanggal 1 Sura (Kemis Paing) sampai dengan 29 Besar (Ahad Paing) 1877 =tahun Masehi tanggal 6 Desember 1945 sampai dengan 25 Nopember 1946.

\*

3. Tinemune wong ngantuk anemu kethuk, malenuk samargi-margi, marmane bungah kang nemu, marga sjroning kethuk isi, kancana sosotya abyor.
3. Kalakone wong ngantuk anemu kethuk, melenuk sadalan-dalan, mulane bungah kang nemu; marga sajroning kethuk isi, emas inten barleyan (sarwa) gumebyar.
3. Terjadilah orang mengantuk menemukan kethuk, terdapat di sepanjang jalan, maka senanglah yang menemukannya, karena kethuk itu berisi, emas intan berlian (serba) gemerlap.

|                        |                        |
|------------------------|------------------------|
| kethuk = kenong kecil, | kancana=emas.          |
| bagian dari            | sosotya=intan berlian. |
| seperangkat gamelan.   | abyor = gemerlap.      |

TAMAT

V

## SERAT WEDHARAGA

Tembang Gambuh 38 bait

1. Ki Gambuh karya pemut, limuting tyas rare kang kalimput, lacut maring reh sumirang murang niti, tantan tuman amamatuh, temah lumaku ginuron.
  1. Ki Gambuh (Ki Pujangga) aweh peling, (bab) bocah kang atine peteng (marga) katutupan, kabacut patrape nrajang (lan) nyimpang saka tatanan, tetep mangkono (jalaran wis) kapatuh, temahan nindakake dadi guru.
  1. Ki Gambuh (Ki Pujangga) memberi peringatan, (tentang) anak muda yang kegelapan hatinya karena tertutup, terlanjur menempuh (dan) melanggar kesopanan, tetap demikian (karena) terbiasa, akhirnya (bahkan) bertindak menjadi guru.

\*

wedharaga = buku pedoman  
diri (agar selamat).

Ki Gambuh = (nama samaran)  
Ki Pujangga pengarang  
serat Wedharaga.

pemut = peringatan, catatan

limut = gelap, buntu pikiran

kalimput = tertutup.

lacut = terlanjur.

murang = melanggar.

gambuh = biasa, tangkas,  
cekanan. Namatembang  
macapat. niti = peraturan, undang-undang.  
Juga = kelakuan, sopan  
santun.  
tantan tuman = tetap, tahan.

\*\*\*

2. Trakadhang amardhukun, dhokohan tyas asring ngumbar sanggup, iku aja kongsi mangkono yen keni, kinira-kira kang patut, apa kalumrhaning wong.
2. Terkhadang madhukun, atine dhokoh kerep adol sanggup, iku aja mangkono yen kena (dipituturi) (tumindaka) kang kira-kira patut, apa kalumrhaning wong.
2. Kadang-kadang berdukun, hatinya bernafsu sering menyatakan serba sanggup, janganlah demikian kalau boleh (dinasihati), berbuatlah yang kira-kira patut, (seperti) apa yang biasanya dilakukan orang.

dhokohan, dhokoh = lahap (makan), bernafsu ngumbar sanggup = menjual kesanggupan, serba sanggup

3. Kang wus kaprah kalaku, inganggoa sapakolehipun, mung patrape den sumendhe aja kibir, manawa kena sisiku, wekasan rinasan ing wong.
3. Kang wis kaprah dilakoni (wong akeh), (iku) anggonen samupakate, mung patrape sumendhea (marang Allah lan) aja kibir, manawa kena deduka (ning Allah), wekasan dirasani uwong.
3. Yang sudah lumrah terjadi, pakailah itu sedapat-dapatnya, hanya caranya hendaklah bersandar (kepada Tuhan) dan janganlah sompong, (sebab) kalau kena murka (Tuhan) akhirnya dipergunjingkan orang.

sumendhe = bersandar.  
kibir = sompong, angkuh.

sisiku, siku = marah, murka  
(Tuhan).

\*\*\*

4. Nadyan dadia dhukun, lamun ana masakalanipun, pinilala dening wong agung kang wajib, samonoa durung patut, wong anom ahlu mangkono.
4. Nadyan dadia dhukun, yen ana wektune (kang becik), dipilih dening wong agung kang wajib, mangkono iku satemene ya durung patut, wong anom dadi ahli (padhukunan).
4. Meskipun menjadi dukun, kalau (dapat) pada saatnya, dipilih orang besar yang wajib, itu pun belum pantas, orang muda (seolah-olah) berkeahlilan demikian.

\*

pinilala, dari pilala = pilih,      ahlu = ahli hal tertentu.  
pelihara

\*\*\*

5. Ing tembe yen wus pikun, pantes bae ulah idu wilut, bangsa bincl ambabatang ngusadani, mbok munia theyot theblung, tan ana wong amaido.
5. (Ewadene) mbesuk yen wis pikun, pantes bae ulah ampuhing idu, ngetung-ngetung miturut primbon (lan) mbethek (kaanan utawa lalakon sarta) nenambani, arepa muni apa bae, ora ana sing maido.
5. Kemudian kalau sudah tua renta, pantas sajalah mengerjakan (bidang) ludah bertuah, soal-soal perhitungan primbon menebak-nebak (kejadian/lelakon dan) memberi obat, berkata apapun, tak ada orang mendustakannya.

\*

pikun = ,tua renta.  
idu wilut = ludah ampuh,  
ludah dukun.  
bincil = berbagai perhitungan  
menurut buku primbon  
(simpanan, wasiat leluhur).  
theyot theblung = bunyi katak  
beramai-ramai.

\*\*\*

6. Mangkene patrapipun, wiwit anom amendengalaku, ngungurangi mangan turu sawatawis, amemekak hawa napsu, dhasarana andhap asor.
6. Mangkene patrape (kang becik), wiwit anom ngulinakna patrap, ngengurangi mangan turu sawatara, mekak hawa napsu, dhasarana andhap asor.
6. Beginilah cara (baik)nya, sejak muda memusatkan tindak usaha, (dengan) mengurangi makan-minum sekedarinya, mengekang hawa nafsu, hendaklah didasari berendah diri.

\*

amendenga, dari mendeng = memandang terus-menerus,  
membiasakan  
amemekak = mengendalikan.  
andhap asor = merendahkan diri,  
sopan-santun.

\*\*\*

7. Akanthi awas emut, aja tinggal wiweka ing kalbu, mituhua wawarah kang makolehi, den taberi anguguru, aja isin atatakon.
7. Kanthi awas lan eling (marang Gusti Allah), aja tinggal pangati-atи sajroning atи, nuruta marang pitutur kang migunani, padha sregepa maguru, aja isin takon-takon.
7. Dengan awas dan ingat (kepada Tuhan), janganlah meninggalkan sikap hati-hati, ikutilah nasihat yang berguna, rajin-rajinlah berguru, janganlah malu bertanya-tanya.

\*

wiweka, weweka = penghati-hati. mituhu = menuruti, mematuhi.

\*\*\*

8. Wong amarsudi kawruh, titirona ing reh kang rahayu, aja kesed sungkanan sabarang kardi, sakadare angingimpun, nimpeni kagunaning wong.
8. Wong ngudi kawruh, nenirua patrap murih slamet, aja kesed sungkanan marang pagawean apa bae, sakadare (minangka sarana) klumpuk-klumpuk kawruh, migunakake kapinteraning wong.
8. Orang menuntut pengetahuan, tirulah cara yang selamat, jangan malas (dan) enggan segalapekerjaan, (untuk sekedar menghimpun, memanfaatkan kecakapan orang).

\*

amarsudi, dari parsudi = nimpeni = memanfaatkan.  
mengusahakan kagunan = kelebihan, kepandaian.  
sungguh-sungguh. Piguna = faedah.  
sungkanan, dari sungkan =  
enggan.

\*\*\*

9. Tinimbang lan anganggur, kaya becik ipil-ipil kawruh, anger datan ewan panasten sayekti, kawignyanewuwuh-wuwuh, wekasanekasub kinaot.
9. Tinimbang nganggur, luwih becik ngumpulake kawruh saka sathithik, angger aja ewan panasten (iku) mesthi, kapinterane tambah-tambah, wekasane kondhang kaluwihane.
9. Lebih baik dari menganggur, kiranya baik mengumpulkan pengetahuan dari sedikit, asal tidak serba tak suka pada orang lain dan tidak dengki tentulah, kepandaianya bertambah-tambah, akhirnya terkenal unggul.

\*

ipil-ipil = mengumpulkan dari sedikit.

ewan = serba tak suka pada orang lain. panasten = panas hati, dengki.

kawignyan = kepandaian.

kasub = terkenal.

kinaot = lebih (unggul) dari yang lain-lain.

\*\*\*

10. Lamun wus sarwa putus, kapinteran simpenen ing pungkur, bodhonira katokna ing ngarsa yekti, gampang traping tindak-tanduk, amawas pambekaning wong.
10. Yen wis sarwa ngrampungi (ahli), kapinterai (iku) simpenen (ing) mburi, bodhomu katokna ing ngarep (iku) temenan, anggampangake tindak-tandukmu, mawaswatak kalakuuning wong.
10. Bilamana sudah serba ahli, hendaklah kepandaian disembunyikan (di belakang), perlihatkanlah kebodohanmu di muka (itu) tentulah, memudahkan langkah lakumu, (untuk) memahami perangai orang.

\*

sarwa putus = serba pandai,  
serba unggul.

pungkur = belakang.

ngarsa, ngarep = muka.

tindak-tanduk = tingkah laku.  
pambekan = watak, tabiat.

\*\*\*

11. Karana ing tumuwuh, akeh lumuh katona mbalilu, marma tansah mintonken kawruh pribadi, amrih den alema punjul, tan wruh bakal kajalomprong.
11. Sabab ing ngaurip iku, akeh-akehing wong lumuh katon bodhone, mulane tansah padha ngatonake kawruhe dhewe-dhewe, supaya dialem pinter banget, ora weruha yen bakal kajalomprong (kesasar).

11. Sebab di dalam hidup, banyak orang segan kelihatan bodoh, maka selalu menunjukkan pengetahuannya sendiri, agar dipuji sebagai orang unggul (pengetahuannya), tak tahuinya akan terjerumus.

\*

tumuwuh = tumbuh, hidup,  
makhluk.

lumuh = malas.

pribadi = (diri) sendiri.

balilu = bodoh.

punjur = lebih.

kajalomprong = terjerumus.

\*\*\*

12. Lamun pinter satuhu, tan mangkono ing reh patrapipun, kudu nganggo watara duga prayogi, pinter angaku balilu, denna met kagunaning wong.  
12. Yen mula pinter temenan, ora mangkono cara (lan) patrape, kudu nganggo duga kira (lan) prayoga, bisoa ngaku bodho, (iku) kanggo ngalap kapinteraning wong.  
12. Kalau benar-benar pandai, tidak demikianlah kelakuannya, haruslah dengan kira-kira betapa baiknya, pandai-pandailah mengaku bodoh, (agar) dapat memanfaatkan kepandaian orang.

watara duga prayogi = kira-  
kira betapa baiknya.

met = mengambil, meman-  
faatkan.

kagunan, dari guna = kepandaian.

\*\*\*

13. Angarah warah wuruk, lamun seje murad maksudipun, rasakena ing ati dipun nastiti, aja pijer umbak umuk, mundhak kawiyak yen bodho.  
13. Kepengin (bisane) oleh pitutur lan tuntunan, (dene) yen seje maksud tujuane, eningna jroning ati kanthi nastiti, aja tansah gumedhe (lan) umuk, mudhak konangan yen bodho.

13. Menginginkan nasihat (dan) ajaran, bila berlainan maksud tujuannya, renungkanlah di dalam hati dengan teliti, janganlah selalu besar mulut (dan) sompong, niscaya terungkap kebodohanmu.

\*

angarah = menghendaki,  
menuju.

warah wuruk = ajaran,  
nasihat.

murad = maksud, tujuan.

maksud = maksud tujuan.

umbak umuk = mulut

omong besar, sompong.

kawiyak = terbuka, terbongkar.

\*\*\*

14. Panengeraning wong iku, adat ana panggrayanganipun, peten saking sambang liring nayeng wadi, yen wong ngaku sarwa putus, iku mratandhani bodho.

14. Ciri-cirine wong iku, adate katon tandha-tandhane, jupukun saka klebat pasemone kang mangku wadi(ning) watake, yen wong ngaku sarwa pinter banget, iku mratandhani bodhone.

14. Cirinya orang itu, biasanya ada tanda-tandanya, dapatkanlah dari kilasan air mukanya yang mengandung rahasia (sifatnya), bila orang mengaku serba ahli, itu tandanya ia bodoh.

\*

panengeran, dari : tenger  
=ciri, tanda.

panggrayang, dari : grayang  
= meraba, kira-kira

sambang liring = sekilas  
pandang.

nayeng wadi, dari : naya =  
ing + wadi = air muka + yang  
(mengandung) rahasia.

\*\*\*\*

15. Lamun wong ngaku cukup, mratandhani kukurangan iku, wong ngungaskens kakendelan tandha jirih, wong angakukiyat pengkuh, tandha apes amalendo.

15. Yen wong ngaku sugih, mrantandhani kemlaratane, wong kung ngatonake kekendelane (iku) tandhane jirih, wong ngaku kuat sentosa, iku tandhane ringkih ora kena diandelake.
15. Bila orang mengaku kaya, menandakan ia kekurangan, orang yang menunjukkan keberaniannya tandanya ia penakut, orang mengaku kuat sentosa, tandanya ia lemah dan tak dapat diandalkan.

\*

ngungaskен = menunjukkan. amalendo = tak dapat dipercaya,  
jirih = penakut. mengecewakan, tak dapat  
apes = lemah. diandalkan.

\*\*\*

16. Wong ngaurip wus tamtu, akeh padha arebut piyangkuh, lumuh lamun kasor kaseser sathithik, nanging singa peksa unggul, ing wekasan dadi saor.
16. Wong urip iku wis mesthi, akeh padha rebut deg, wegah yen kalah (ian) mingsed sathithik, nanging sapa kang kumudu unggul, wekasane dadi asor.
16. Orang hidup tentulah, banyak berebut kebanggaan, tak mau alah (dan) bergeser sedikit pun, tetapi siapa yang memaksa unggul, akhirnya menjadi hina.

\*

piyangkuh = kebanggaan. singa = siapa  
lumuh = malas, tidak mau. unggul = lebih, menang,  
terpandai.  
kasor keseser = alah tergeser. asor = hina.

\*\*\*

17. Ingkang mangkono iku, badaningong pribadi ing dangu, paksa unggul wekasan malah katinggil, panggilesing jabung alus, winangsulan tyas kaleson.
17. Kang kaya mangkono iku, awakku dhewe (Ki Pujangga) biyen, kumudu unggul wekasan malah katanggor, (dening) panggilese (wong kang) rumaket (kanthi) alus, (arep) dak baleni maneh (lalakon mau) atiku wis pepes.
17. Yang demikian itu, diriku (Ki Pujangga) sendiri dahulu, (pernah) memaksa ingin unggul akhirnya terpukul, (oleh) gilasan (orang) yang memikatnya (dengan) halus, (akan) kuulangi lagi hatiku sudah lemas.

\*

badaningong, dari badan +  
ingong = badan + aku =  
diriku, saya.  
katinggil = teratas, dialahkan,  
terpotong, kena  
batunya, terpukul.  
panggiles, dari giles = gilas.

ing dangu = waktu dahulu.  
jabung = semacam getah perekat.  
Anjabung alus = merapatan  
diriku (menempel) dengan  
halus.  
winangsulan = diulangi.  
kaleson, dari lesu = lemas.

\*\*\*

18. Mangkono kang tinemu, marmane wong ngaurip punika, aja pisan paksa ambek kumalikh, angaku sarwa linuhung, wekasan kether tan ethor.
18. Mangkono iku kedadeane, mula wong urip iku, aja pisan awatak gumedhe (kumingsun), ngaku yen sarwa luwih, wekasan kacipuhan ora pecus.
18. Demikian itulah hasilnya, maka orang hidup itu, jangan suka bersifat sombong, mengaku serba hebat, akhirnya lalai dan tidak pecus.

\*

ambek kumalikih = watak  
menyombongkan diri,  
membesarkan diri.

sarwa linuhung = serba  
mengagumkan, serba  
hebat.

kether = lalai, ketinggalan.  
tan ethor = tidak pecus.

\*\*\*

19. Ana kang wus kadulu, suteng carik kadhinginan tuwuh, ngaku putus patrape kurang patitis, manut ngelmuning guyeng dul, amangeran luncung bodhol.
19. Ana dene kang wus katon, anake carik awatak kemajon, ngaku luwih (nanging) patrape kurang patitis, (marga mung) manut ngelmune santri kang lamis, mangeran badhut keparat.
19. Adalah yang sudah terlihat, anak juru tulis yang berwatak terlalu maju, mengaku ahli (tetapi) tingkahnya kurang tepat, (hanya) mengikuti ilmunya santri yang mengaku-aku, mendewakan badut keparat.

\*

suteng, dari suta = anak.  
carik = jurutulis.  
Kadhinginan tuwuh, dari:  
Dingin = dahulu; kadhinginan  
= mendahului.

Tuwuh = tumbuh, biji, timbul,  
perkembangan, Juga:  
umur. Perhatikan:  
*setengah tuwuh* =  
*setengah umurnya*.

Kadhinginan tuwuh =  
mendahului (hakekat)

umurnya = merasa sudah  
lebih banyak umurnya dari  
yang sebenarnya = merasa  
sudah pandai, sudah maju.

patitis = tepat.  
guyeng dul = santri dul = santri  
yang suka berpura-pura,  
mengaku-aku (lamis Jw.)  
bodhol = bodhor (juga: Sunda) =  
badut = pelawak.

\*\*\*

20. Badhartyas kabalawur, baladheraning wong ambabangus, angas unguis ing wuwus tan anguwisi, temah kasebut wong gemblung, kinira yen lara panon.
20. (Dadine) konangan (banjur) atine bingung, (yaiku) reregeding manungsa kang ngicuk-icuk (marang panggawe salah), brigah-brigh omonge ora ngrampungi, temahan disebut wong gemblung, dikira lara uteke.
20. Terbukalah kedoknya (menjadi) bingunglah hatinya, (itulah) kotor-kotornya manusia menghasut-hasut, berlagak berani (tetapi) ucapnya tak (mampu) menyelesaikan, akhirnya disebut orang kurang pikir (sinting), (hingga dia) dikira sakit otaknya.

\*

kabalawur = terbuka  
(kedoknya).

baladheraning wong = kotor-  
kotornya, jelek-jeleknya  
orang.

ambabangus = menghasut-  
hasut.

angas-ungus = berlagak berani.

wuwus = ucapan, bicara.

tan anguwisi = tidak  
menyelesaikan.

gemblung = goblog, sinting.

\*\*\*

21. Saengga tunggal laku, lan kang asring gumaib ing kawruh, tur tan wikan wiwekaning reh nayadi, adreng ngumbar arubiru, amberat berawanining wong.
21. Saengga lelagone (patrape) padha karo wong, kang gumaib ing bab kawruh, tur (satemene) ora wruh patrape wong ngati-ati kang wruhing semu, (bisane mung) ngumbar napsu gawe gendra, (arep) ngilangi kaunggulaning wong.
21. Sehingga lagak lagunya sama, dengan orang yang sering sompong pengetahuan, padahal tak tahu caranya berhati-hati dengan muka manis, melampiaskan nafsu membuat huru-hara, (akan) memberantas keunggulan orang.

\*

tunggal laku = sama halnya,  
s a m a k e l a k u a n ,  
perbuatannya.  
gumaib ing kawruh =  
sombong pengetahuan.  
wikan = tahu.  
adreng = bernafsu.

wiweka = hati-hati.  
reh nayadi = muka manis. Naya  
= air muka.  
ngumbar = membiarkan,  
melampiaskan.  
ambirat = memberantas.  
berawa = kelebihan, kehebatan.

\*\*\*

22. Saking lobaning kalbu, mung kalebu lebdeng bek kung lur kung, kumalungkung ngaku ngungkuli sakalir, saliring utameng kawruh, pangrasane padha kasor.
22. Saka kamurkaning atine, (dadi) mung kalebu pinter gawe wong susah saya sedhih, kumlungkung ngungkuli apa lan sapa bae, (uga bab) sakabehing utamane kawruh, rumangsane padha kalah kabeh.
22. (Itu) karena angkara hati, hanya termasuk orang yang membiarkan orang (lain) susah bertambah sedih, (ia) angkuh mengaku (pandai) melebihi segala-gala, semua keutamaan pengetahuan pula, merasa semuanya sudah alah (dengan dia).

\*

loba = angkara murka.  
lebdeng = lebda + ing =  
pandai, dapat, mampu.  
bek kung lur kung = biar  
susah bertambah sedih.  
Bek = biarlah. Kung =  
sedih.

lur = diulur = dipanjangkan.  
kumalungkung = sompong,  
merasa dirinya besar,  
hebat.  
sakalir = segala, semua.

\*\*\*

23. Tur maksih sasar-susur, saraseng ros tan pati tinemu, wekasane mung kudu den alem bangkit, inganthukan bae munthuk, tandha lamun durung kamot.
23. Tur (satemene) isih kasasar numbuk-numbuk, underaning rasa ora pati cetha, wekasane mung kudu dialem pinter, dianthuki bae atine mbedhedheg, (iku) tandhane yen durung bisa kanggonan ngelmu kang akeh.
23. Padahal masih tersesat-sesat, rasa intinya tidak begitu jelas, akhirnya hanya harus dipuji kecakapannya, diangguki saja sudah besar hatinya (itu) tandanya belum mampu menampung banyak pengetahuan.

\*

sasar-susur = tersesat-sesat.  
saraseng ros = sarasa + ing +  
ros = rasa intinya.  
Ros = pokok, inti.  
tan pati = tak begitu (berarti).  
dan alem = dipuji.

bangkit = dapat, pandai  
inganthukan, dari anthuk =  
angguk.  
munthuk = membusa, menjadi  
besar.  
kamot = muat banyak,  
menampung banyak.

\*\*\*

24. Marma utama tuhu, yen abisa matrap unggah-unggah, tanggap ing reh ngarah-arah ngirih-ngirih, satiba telebing tanduk, tumindak lawan angawon.
24. Mulane utama banget, yen padha bisa matrapake tata krama, tumindak ngati-ati lan alus, ing sakabehing pratingkah, tumindak kanthi ngalah.
24. Maka sungguh utama, jika dapat menjalankan sopan-santun, dapat mengerti gelagat (dan) hati-hati (serta) bertindak halus, bagaimanapun cara pelaksanaannya, hendaklah bertindak dengan mengalah.

\*

|   |   |
|---|---|
| unggah-ungguh = andhap<br>asor = sopan-santun,<br>tata krama. | ngarah-arah = hati-hati<br>ngirih-irih = perlahan-lahan<br>halus. |
| tanggap reh = menyambut,<br>mengerti gelagat, semu.           | satiba telebing tanduk =<br>bagaimanapun tingkah<br>lakunya.      |

\*\*\*

25. Sapa wruh kembang tepsus, iku bisa angarah panuju, yekti datan adoh lan badan pribadi, lamun kanthi awas emut, salamet tumekaning ndon.
25. Sapa wruh kembang tepsus, iku bisa ngarah-ngarah nuju karsa, (sabab apa bae) mesthi ora adoh saka awake dhewe, yen kanthi awas lan eling (marang Gusti Allah), slamet tumeka papan kang katuju.
25. Siapakah tahu kembang tepsus \*), dia dapat menuju hati, (segala sesuatu) sebenarnya tak jauh dari badan sendiri, jika disertai awas dan ingat (kepada Tuhan), selamatlah sampai pada (tempat) tujuan.

\*

\*) Kembang tepsus adalah nama jenis kembang. Tepus = tepe, ukur = ukuran panjang, luas, dan tebal dari sesuatu. Di sini kembang tepsus dipakai untuk memperingatkan orang agar perbuatan dan tindakannya memakai ukuran diri sendiri. Peribahasa: Ukur baju badan sendiri (Jawa: tepa salira).

\*

|  |   |
|--|---|
| kembang tepsus = nama<br>kembang. Lihat catatan<br>*) di atas. | panuju = penuju (sesuai)<br>hati, cocok, senang.<br>ndon = tempat tujuan. |
| tepus = ukur, kira-kira.                                       |   |

\*\*\*

26. Dongeng jaman karuhun, mbokmanawa pantes dadi pemut, ana janma bagus anom sarwa wasis, nanging kuciwa kasebut, tukang sual juru waon.
26. (Ana) dongeng ing jaman biyen, bokmanawa patut dadi pangeling-eling, (yaiku) ana nom-noman bagus sarta wasis, nanging kuciwane kasebut, tukang gawe rembug (nalar) lan tukang nacad.
26. Dongeng zaman dahulu, barangkali pantas menjadi peringatan, ada seorang pemuda rupawan serba mahir, tetapi sayang (dia) disebut orang, suka membuat persoalan dan senang mencela.

\*

karuhun (juga: Sunda) =  
dahulu.  
sarwa wasis = serba mahir.

tukang sual = senang mem-  
bikin persoalan, perban-  
tahan.  
juru waon = suka mencela.

\*\*\*

27. Sawiji dina nuju, temu lawan wong tuwa wus pikun, mintonaken kabangkitan lair-batin, kaki tuwa alon muwus, mengko ta wong bagus anom.
27. Ing sawijing dian nalika, (dheweke) katemu lan wong tuwa kang wis pikun, (non-noman mau) ngatonake kapinterane lair batin, kaki tuwa alon pangucape, mengko ta wong bagus anon.
27. Pada suatu hari waktu, (ia) bertemu dengan orang tua renta, (pemuda itu) menunjukkan kepandaiannya lahir-batin, Ki Tua renta berkata pelahan, nanti dulu Pemuda bagus.

\*

mintonaken = menunjukkan.  
pikun = tua renta.

\*\*\*

28. Manira takon tuhu, lagi pira umurira bagus, winangsulan uwis telung puluh warsi, kaki tuwa mesem muwus, layak durung bisa amot.
28. Aku takon satemene, lagi pira umurmu bagus, wangsulane lagi telung puluh taun, kaki tuwa mesem sarta ngucap, layak durung bisa kanggonan ngelmu.
28. Saya bertanya sebenarnya, baru berapa tahukah umurmu Nak, jawabnya sudah tiga puluh tahun, Ki Tua Renta berkata sambil tersenyum, pantas belum dapat menampung banyak (pengetahuan).

\*

manira = aku.

warsi, warsa = tahun.

mesem = tersenyum.

layak = layak, tentu saja.

\*\*\*

29. Maksih cilik ususmu, baya lagi sadami gengipun, yen nyabranga luwih saking seket warsi, wus gedhe dawa ususmu, barang kapinteran kamot.
29. Isih cilik ususmu, bokmenawa lagi sadami gedhene, yen umurmu wis luwih seket taun, wis gedhe dawa ususmu, kabeh kapinteran bisa kamot (kok darbeni).
29. Ususmu masih kecil, mungkin baru sebesar daun padi, kalau umurmu sudah melewati lima puluh tahun, sudah besar panjang ususmu, segala kepandaian dapat anda tampung.

\*

sadami, sadami = sebesar  
batang padi.

nyabrang = menyeberang,  
melintasi, melewati.

\*\*\*

30. Mokal lamun alimut, ironing layang Nitisastra iku, gajeg ana pralampitane kang muni, upama jun kurang banyu, kocak-kacik kendhit ing wong.
30. Mokal yen (sira) lali, sajroning layang Nitisastra iku, gajege ana sanepane kang muni, kayadene jun kang kurang banyu, diindhit mesthi kocak-kacik.
30. Mustahil (anda) tak tahu, di dalam Kitab Nitisastra, kiranya ada perumpamaan yang berbunyi, misalkan buyung bila isi airnya kurang, kocak dikepit di lambung orang.

\*

gajeg = kira-kira, kiranya.  
 pralampita = perumpamaan.  
 jun = buyung (alat dari  
 tanah liat untuk  
 membawa air).

kendhit, kaindhit, diindhit =  
 dikepit di lambung (di  
 bawah ketiak).

\*\*\*

31. Manawa kebak kang jun, yekti anteng den indhit ing lambung, iku bae kena kinarya palupi, pedah apa umbak umuk, mundhak kaeseman ing wong.
31. Yen jun mau kebak banyu, diindhit ing lambung mesthi anteng, iku bae kena kango conto, apa paedahe gumedhe (sarta) umuk, tuwas diesemi ing wong.
31. Bila buyung itu penuh, niscaya tenang dikepit di lambung, itu saja dapat dipakai contoh, apakah gunanya sompong (dan) bermulut besar, niscaya disambut orang dengan tersenyum.

\*

anteng = tenang.  
 palupi = teladan, contoh.

\*\*\*

32. Wong anom meneng ngungun, kaluhuran sabda alon mundur, ing wekasan mari dennya mbek gumaib, mung lukita kang ginilut, empan papaning wiraos.
32. Wong anom mau meneng (serta) gumun, (rumasa) kaungkulan rembug (banjur) mundurtanpa pamit (alon-alon), wekasanane mari anggone gumedhe, kang diudi mung nyinau (anggilut) karangan-karangan (buku-buku), (bab) empan papaning rasa sejati.
32. Pemuda itu diam (serta) heran, omongnya teratasi (oleh Ki Tua Renta), (lalu) pergi diam-diam, akhirnya tidak lagi bersifat sompong, (lalu) melulu mempelajari karangan-karangan (kitab-kitab), (tentang) penerapan) rasa perasaan yang sebenarnya.

\*

ngungun = heran.  
kaluhuran sabda = omongnya  
teratasi, kalah  
omongnya.  
mbek gumaib = ambek  
gumaib = berwatak  
sombong. yang  
sebenarnya.  
lukita = karangan, gubahan,  
tembang memuji-muji.

ginilut, digilut = ditekuni,  
dipelajari.  
empan papan = penerapan  
(mengingat) tempat.  
wiraos = rasa.  
sejati = rasa perasaan yang  
sebenarnya.

\*\*\*

33. Malah wiwit anggayuh, tuturutan pangkataning ngelmu, kasampurnan pamoring kawula Gusti, mahasucekken Datipun, pangrakiting reh tan keron.
33. Malah wiwit ngudi, paugeran lan papangkataning kawruh, kasampurnan (bab) pamoring kawula Gusti, mahasucekake Dating Allah, panataning ajaran (ngelmu) ora tumpang suh.

33. Bahkan mulai hendak mencapai, pedoman dan tingkatan ilmu, kesempurnaan (tentang) kesatuan makhluk dan Khalik, mahasucikan Dzat Tuhan, tak salah melaksanakan ajaran.

\*

turut-turutan = pedoman, pangkataning, dari pangkat derajat, tingkatan. ngelmu kasampurnan = ilmu (tentang kesempurnaan). Orang hidup untuk meninggal dunia yang baik.

pamoring kawula Gusti = kesatuan makhluk dari Khalik. Pamor, dari: amor = baur, campur. Datipun = Dzat-Nya (Tuhan). pangrakit, dari rakit = mengatur. tan keron = tidak salah.

\*\*\*

34. Pangracutan pangukut, myang pambaharira tan keliru, panarikan patrape tanajul tarki, ing sangkan paran sumurup, tan kalendhon nora kadho.
34. (Bab) pangracutan, lan pangukutan (ngendhakake lan nggulung napsune) lakune ora kaliru, anarik napas nindakake ajaran tanajul tarki (yaiku) weruh sangkan paraning dumadi, ora salah nindakake piwulang.
34. Mengalahkan dan mematikan nafsu, pelaksanaannya tak salah, menarik nafas melaksanakan ajaran tanajul tarki, \*) (yaitu) tentang asal dan tujuan hakiki, tidak salah dan tidak khawatir.

- \*) Tanajul tarki, dari: tanazul tarqi (Ar.). Tanazul = turun; tarqi = meninggalkan. Di kalangan kaum mistik Jawa kata-kata ini digunakan untuk memberi ajaran tentang turunnya roh dan roh meninggalkan jasadnya. Dalam bahasa Jawa: sangkan paraning dumadi.  
Sangkan, dari sangka, saka = dari, asal. Paran = tujuan, menuju ke ....  
Dumadi, dari dadi = jadi, kejadian (manusia).

Ajaran tersebut maksudnya sesuai dengan ajaran Islam, Al Qur'an Surat Al Baqarah ayat: 156, Inna lillahi wa ina ilaihi raji'un = Sesungguhnya kami adalah milik Allah dan kepada-Nyalah kami kembali.

\*

pangracutan, dari: racut = lepas, ringkas ilmu pelepasan.

pangukut, dari: kukut = habis, gulung, mati; ilmu mematikan nafsu.

p a m b a b a r i r a = penerapannya,

tanajul tarki, dari tanazul tarqi = lihat catatan \*)

sangkaan paran = idem.

tan kledhon = tan keliru.

nora kadho = tidak khawatir.

panarikan = panarikan; ilmu menarik nafas menghadapi maut.

\*\*\*

35. Lamun mangkono patut, tinirua tepaning tumuwuh, tan lyan saking sambadeng badan pribadi, binudi sidaning sadu, aneng kene kana kanggo.
35. Kang kaya mangkono iku patut, katiru miturut ukuraning titah, ora liya saka kekuwatanning awake dhewe-dhewe, diudia kaleksanane kanthi sabar, (iku) migunani ing donya lan ing akhirat.
35. Yang demikian itu patutlah, ditiru dengan ukuran makhluk, tak lain dari kemampuan diri masing-masing, diusahakan tercapainya dengan kesabaran, (itu) berguna di dunia dan di akhirat.

\*

tepaning tumuwuh = ukuran titah masing-masing sambadeng badan pribadi = kemampuan diri-sendiri. binudi = diusahakan.

sidaning sadu = tercapai (dengan) kesabaran. Sida = jadi, tercapai. Sadu = sareh = sadar, sabar.

kene kana = sini-sana, dunia akhirat.

\*\*\*

36. Ki Gambuh bisa muwus, anglakoni dhewe durung kaur, dangdang sumyang watak wantune wong langip, tan kawawa wuwur sembur, pitutur bae yen kanggo.
36. Ki Gambuh (Ki Pujangga) bisa ngucap, (nanging) nglakoni dhewe durung kober, (mung) surak-surak kayadene kelakuane wong (kang) ringkih, ora bisa urun pamrayoga sarta pandonga, pitutur iki bae yen kanggo.
36. Ki Gambuh (Ki Pujangga) dapat berkata, (tetapi) menjalaninya sendiri belum sempat, (hanya) sorak-sorak seperti kebiasaan orang (yang) lemah, tak dapat nasihat dan doa, petunjuk ini saja kalau dipakai.

\*

kaur = kober, sempat.  
 dandang sumyang = istilah  
     untuk kebiasaan  
     beramai-ramai.  
 watak wantu = sudah adat  
     kebiasaannya.

wong langip = orang dhoif (Ar.) =  
     orang lemah.  
 wuwur sembur = tutur (dan) puji  
     doa.

\*\*\*

37. Amung amrih rahayu, ewadene ing babasanipun, alah kandha ana ing tandha lan yekti, titenana ala nganggur, begja kang gelem angango.
37. (Karepe) mung supaya slamet, ewadene ana paribasan, alahne kandha ana tandha (alahne tandha) ana yekti, titenana ala nganggur, begja kang padha gelem nganggo (pitutur iki).
37. (Maksudnya) hanya agar selamat, meskipun demikian ada peribahasa, daripada kata ada tanda (daripada tanda) ada bukti nyata, ingat-ingatlah sambil lalu, (sungguh) beruntung (orang) yang mau memakai (nasihat ini).

\*

38. *Tursan rong sapteng lebu*, Ki Pujangga panggupitanipun, tawi tawaring surasa tanpa manis, marma kongsi karya pemut, mung met marta karahayon.

38. Trusan rong sapteng lebu (iku Candrasangkalane) Ki Pujangga ngarang (layang iki), sarwa sepa surasme tanpa manis (legi), mulane (karaya-raya) gawe pepenget, mung (kanggo) ngudi urip slamet.

38. Trusan rong sapteng lebu, (itulah angka Tahun waktu) Ki Pujangga mengubah (kitab ini), hambar belaka tak ada manisnya, maka (sebabnya Ki Pujangga) sampai memberi peringatan, hanyalah (karena) menghendaki hidup selamat.

\* ) *Tursan rong sapteng lebu* = Terusan liang (sampai) ke tujuh debu (bumi lapis ketujuh). Ini adalah Candrasangkala waktu Serat Wedharaga ditulis, menunjukkan angka tahun Jawa 1799 = Masehi 1870/1971.

七

**trusan rong sapteng lebu = tawar = hambar, tanpa rasa.  
lihat catatan di atas.** met harta = mencari hidup.

## KEPUSTAKAAN

1. B.K.: Djangka Ranggawarsita, Keluarga Bratakesawa, Yogyakarta, 1957.
2. Brotokesawa: Kalatidha Ranggawarsitan, Pustaka Nasional, Surabaya, 1950.
3. Kamajaya: Zaman Edan. Suatu studi tentang Buku Kalatidha dari R.Ng. Ranggawarsita, U.P. Indonesia, Yogy, 1964.
4. Kamajaya: Pujangga Ranggawarsita dan hasil karyanya. Ceramah pada malam Peringatan satu abad wafatnya Pujangga Ranggawarsita di Balai kota Kotamadya Surakarta pada tahun 27 Desember 1973.
5. Kamajaya: Mengenai wafatnya Pujangga Ranggawarsita, harian Sinar Harapan, Senin 31 Desember 1979.
6. Medan Basa Djawi Nomor, 9 September 1958, taun III, Bagian Bahasa Djawatan Keb. Kem. P.P.K. Djakarta, isi Serat-serat: 1. Djaka Lodhang; 2. Kalatidha, 3. Sabdadjati, kanthi andharan.
7. Padmasusastra, Ki: Serat Kalatidha (huruf Jawa), Tan Khoen Swie, Kediri, 1931.
8. Padmawidagda, R.B. dan Hanggapradata, R.Ng.: Babad cariyois lalampahanipun R.Ng. Ranggawarsita (huruf Jawa) jilid I-III, Komite Ranggawarsita, Sala, 1931-1933.
9. Panitya Penelitian Ranggawarsita: KRT. Ranggawarsita sebagai Pujangga dan Sastrawan, PPP-IKIP Surakarta, 1972.
10. Poerbatjaraka, R.Ng.Dr.: Nitisastra. Balai Pustaka, Jakarta 1950.
11. Ranggawarsita, R.Ng.: Wedharaga (huruf Jawa), Jajasan Penerbitan "Djojobojo", Surabaya, 1963.
12. Sastrasadarga, R.Ng.: Sabdapranawa, Djaka Lodhang Iss., Sadoe Boedi, Sala, 1946.

13. Sastrasadarga, R.Ng.: *Sabdajati, Sabdapranawa, Sadoe Boedi, Sala, 1946.*
14. Sawardo: R.Ng. Ranggawarsita Pujangga kasusra ing Djaman kasusastran Surakarta, Almanak Waspada 1963, Jajasan Penerbitan "Pesat", Ngayogyakarta, 1963.
15. Suripan Sadi Hutomo, Drs.: Pujangga "Ranggawarsita" mati dibunuh, harian Sinar Harapan, Sabtu, 15 Desember 1979, Jakarta.

## KAMUS

1. Gericke, J.F.C. en Roorda, T.: Javaansch Nederlandsch Woordenboek I, II, Johannes Muller (Amsterdam) E.J. Brill (Leiden), 1901.
2. Pigeud, Dr.Th.: Javaans-Nederlands Handwoordenboek, J.B. Wolters Uitgeversammeltschappij N.V. Groningen-Batavia, 1938.
3. Poerwadarminta, W.J.S.: Baoesastra Indonesia-Jawi, cap-capan kaping tiga, Gunseikanbu Kohomin Tasyokyoku (Balai Pustaka), Djakarta.
4. Poerwadarminta, W.J.S.: Baoesastra Jawa-Indonesia, Balai Pustaka, Jakarta.
5. Poerwadarminta, W.J.S.: Kamus Umum Bahasa Indonesia, Balai Pustaka, Jakarta.
6. Prawiraatmodjo, S.: Bausastra Djawa-Indonesia, Express & Marfiah, Surabaya, 1957.
7. Sastranagara, R.T.: Serat Babon Bausastra (huruf Jawa, belum dicetak), milik Perpustakaan Radja Pustaka, Surakarta
8. Winter Sr, C.F.: Serat isi tembung-tembung Kawi mawitegesipun (huruf Jawa), Reproductiebedrijf v/d Topografischen Dienst, cetakan II 1938.



## PENULIS

### Kamajaya

Adalah nama samaran dari pengarang yang menyusun dan menerjemahkan "Lima Karya Ranggawarsita" ini. Nama sebenarnya Karkono Partokusumo, dilahirkan di Surakarta pada tanggal 23 Nopember 1915, berpendidikan Mulo, kemudian Taman Guru, Taman Siswa Yogyakarta. Sejak di bangku sekolah ia sudah mulai menulis. Mula-mula menjadi wartawan membantu berbagai surat kabar dan majalah nasional. Merasa lebih sesuai dengan majalah bergambar dengan seni dan keindahannya, ia bekerja pada redaksi "Pustaka Timur" dan "Mustika" (bahasa Jawa) hingga 1939 di Yogyakarta. Kemudian memimpin majalah "Pertjatoeran Doenia dan Film" dan redaktur harian "Berita Oemoem" di Jakarta hingga 1942. Di zaman Jepang sebagai redaktur harian "Asia Raya" lalu pindah ke bagian penerbitannya memprakarsai penerbitan "Almanak Asia Raya". Karena tidak sesuai dengan Jepang, ia bersama almarhum Andjar Asmara dan almarhumah Ratna Asmana mendirikan, menulis ceritera dan menyutradarai sandiwara Angkatan Muda "Tjaja Timur." (1943). Dari beberapa ceritanya yang paling terkenal berjudul "Solo di Waktu Malam" sudah lebih dari lima ratus kali dipentaskan. Novel nya dilerihitkan oleh Gapura, 1950, dan difilmkan pada tahun 1954 oleh N.V. Borobudur. Terakhir ini cerita karangannya "Perawan Desa" (Saduran bukunya "Sum Kuning") difilmkan oleh Safari Sinar Sakti dan meraih Citra sebagai film terbaik 1980.

Perhatiannya kepada sastra dan bahasa Jawa sejak muda amat besar. Di tahun 1938-an banyak menulis cerita pendek dan tembang dalam "Penyebar Semangat". Di zaman kemerdekaan ia selalu

menyertai sarasehan-sarasehan, memberikan ceramah-ceramah di Sala, Yogyakarta, dan Jakarta, anggota Loka Karya Ejaan Bahasa Jawa (Bali dan Sunda) pada tahun 1973, ceramah-ceramah tentang Pewayangan, anggota Dewan Kebijaksanaan Senawangi (Sekretariat Pewayangan Nasional Indonesia) sejak 1976 hingga kini, dan menulis lakon-lakon wayang. Pendapatnya tentang "Bahasa Daerah Masuk Pasal Kebudayaan" diterima baik oleh sidang Umum Dewan Konstituante (1959). Buku-buku karangannya dalam bahasa Indonesia dan Jawa sudah berjumlah lebih dari tiga puluh buah, antara lain "Zaman Edan". Suatu studi tentang Buku Kalatidha dari R. Ng. Ranggawarsita, U.P. Indonesia, Yogyakarta, 1964.

Perjuangannya dalam masa revolusi: 1. Wakil Pemimpin Redaksi harian "Rakyat" (bukan terbitan PKI) di Jakarta (1945); 2. Memimpin PNI anggota DPRD dan Dewan Pertahanan Rakyat Surakarta; 3. Ketua Panitia Pertahanan Rakyat beranggotakan semua parpol dan ormas; 4. Staf Divisi Barisan Banteng seksi Pendidikan; 5. Waktu laskar-laskar rakyat dipersatukan dan masuk TNI, ia duduk dalam staf Brigade XXIV, Kepala Seksi Pendidikan.

Tahun 1948 ia ditugaskan oleh Pemerintah RI cq. Menteri Keuangan untuk menyeludupkan candu ke Singapore bersama Tonny Wen dan Subeno yang hasilnya untuk membiayai perjuangan RI di dalam dan di luar negeri.

Waktu clash II ia ditahan Belanda sehari-semalam di alun-alun selatan Yogyakarta. Kemudian memimpin PNI (1949); aktif ketua DPRD-DIY dan anggota Konstituante. Di samping itu ia giat dalam perjuangan ekonomi, kebudayaan/kesenian dan tak melupakan karang-mengarang. Tahun 1983 ikut mendirikan Yayasan Ilmu Pengetahuan dan Kebudayaan Penunggalan, yang mengelola Lembaga Jawanologi (Swasta). Tahun 1958 Ketua KENSI (Konggres Ekonomi Nasional Seluruh Indonesia).

Sejak tahun 1949 ia mendirikan dan memimpin Usaha Penerbitan "Indonesia" di Yogyakarta dengan penerbitan utamanya "Almanak Dewi Sri" sejak 1971 dan "Serat Centhini" Latin dengan penuturannya dalam bahasa Indonesia. Ia berpendapat, bahwa karya sastra Jawa yang bermutu perlu sekali dipahami oleh generasi muda bangsa kita. Demikian pula karya sastra-sastra daerah lainnya. Hal ini diharapkannya akan perhatian pemerintah dan masyarakat luas.





Penerbitan dan Percetakan  
PT Balai Pustaka (Persero)  
Jalan Bunga No.8-8A  
Matraman, Jakarta Timur 13140  
Tel/Faks. (62-21) 858 33 69  
Website: <http://www.balaipustaka.co.id>